ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЦКIУ

АДЫГЭ ХЕКIЫП

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЗРЭ КЪЫДОКI

№123 (21.781) ● 2010 гъэм бадзэуэгъуэм (июлым) и 3, щэбэт ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокI ● И уасэр соми 3-щ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

● Къэрал къулыкъущIапIэхэм

Нэхъыщхьэр зыщ - зэхуэдэу зыужьын

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президент Къанокъуэ Арсен Iущащ КъБР-м и кIалэ, район администрацIэхэм я IэтащхьэхэмI. Абы и лэжьыгъэм хэтащ Парламентым и Унафэщ Чеченов Ануар, республикэм и Премьер-министр Меркулов Александр, Правительствэм щыщхэр, Iуэхущапlэ, ведомствэ зэмылIэужьыгъуэхэм я унафэщхэр. А зэIущIэм щыхэплъэжащ Май районым 2009 гъэм илэжьам икIи мы гъэм яп1 игъэщIыпхъэу кIапэщылъ Iуэхугъуэхэр яубзыхуащ.

ЗЭIУЩIЭРкъыщыдзэIуихым, Президент **Къанокъуэ Арсен** кIэщIу тепсэлыкъыкIи иужьрей зэманым Май районым игъэуэта зэхъуэжьыныгъэхэм. Абы кIыхьигъэщащ куейр нэхъыбэу мэкъумэшым зэрелажьыр.

- 2009 гъэм финанс-экономикэ кризисым дызыхуиша гугъуехьхэм емылъытауэ, хьарзынэу Iуэхугъуэхэм я унафэщхэр. А зэIущIэм щыхэплъэжащ Май районым 2009 гъэм илэжьам икIи мы гъэм яп1 игъэщIыпхъэу кIапэщылъ Iуэхугъуэхэр яубзыхуащ.

Iуэхуэм теухуауэ Май район администрацIэм и Iэтащхьэ **Атаманенко Юрий** къыщIэсальэм зэрыжиIамкIэ, 2009 гъэм Май районым псори зэхэту къыщыщIагъэкIащ сом меларди 3-рэ мелуан 214-рэ и уасэ продукцэ. Ар процент 13,7-кIэ 2008 гъэм ялэжьам нэхъыбэ нэхъыбэщ.

IэнатIэ къэс зэпэщхьэхуэу, зэпкърыхуэу Iуэхугъуэр къыщигъэлъагъуэм, Атаманенк э Юрий къыхигъэщащ районым промышленнэ Iуэхущапlэу 7 зэрыщылажьэр, абы щыщу 4-р ерыскъыхжкI къыщIэгъэкIыным, н.ж. мэкъумэшхэкIым зэрелэжьыр. Иужьрей илъэсищым куейм и промышленностым кьилэжьым хигъахьуэ зэпытщ, псалъэм папщIэ, нэгъабэ ар хьуащ сом мелуан 297,7-рэ и уасэ. Ар процент 55,1-кIэ нэгъабэрей бжыгъэм нэхърэ нэхъыбэщ.

Май районым щагъэкI нартыхум кьыхащIыкI крахмал, щакъуэгъэтэдж, этил спирт, щакхъуэрэ щакхъуэжкI зэмылIужьыкIыгъуэхэмрэ, жьэумым кьыхащIыкI шагъыр.

2008 гъэм лэжьэн щIэзыдзэжа «Майский» акционер обществэр, а псом кьищынэмыща, йолэжь углекислота щIынми, бдзэжьей, псым кьыхэкIи нэгъуэщI ерыскъыIуэхэр кьыщIэгъэкIынми. А Iуэхущапlэм и закъуэ нэгъабэ кьилэжьащ сом мелуан 57,8-рэ. Мы лъэхъэнэм «Майский» ООО-м еухуэ гектари 3,9-рэ зи инагъ хуэбэщхэр, Голландием кьраша роззэхэр игъэкIыу ищжын папщIэ.

Гулытэ щхьэхуэ хуэфащэщ «Севкаврентген-Д» акционер обществэм. Ар лэжьыгъэр зэриублэжьынум хуагъэхьэзыр. Нобэкlэ щылажьэр щыхуэ 140-рэ хьууэ аращ. Абы рентген аппаратыщIэ кьыщигъэкIыну зегъэхьэзыр, и теплъэкIи, и фIагъкIи дунейпсо щапхъэ пэрытхэм кьитIасэу. Ар кьыщагъэсэбэпынущ медицинэмкI косметологиемкI. А Iуэхур зэтеублэнымкIэ акционер обществэр долажьэ Германием, Швейцарием, Японием.

Мы гъэм щышыдлэм и 1-м кьыхэзрабжамкIэ, Май районым щопсэу щыхуэ 39957-рэ. Нэгъабэ куейм кьыщалъхуащ щыхуэ 477-рэ, абы щыгъуэми 579-рэ дунейм ехьажащ. НэгъуэщI щыпlэ кьикIыу районым кьэпэхъуащ щыхуэ 668-рэ, куейм иIэпхъуклаэр щыхуэ 568-рэ мэхъу. А бжыгъэхэр и щыхьэтщ демографие и лъэныкъуэкIэ Май районым зэкIэ щIагъуэу зэрызимыужьым. Абы щыпсэуэхэм щыщу процент 62-р пенсэ ныбжьым итщ, процент 38-р сабиищ, кьэнэж щыху мин 24,8-ращ зи лэжьэгъуэри, нэгъабэ и закъуэ щыху мини 3 лъаэхэм икIащ, хамэ щыIнаIэ лэжьапlэ кьыщалъхьхуэу. Нэгъабэ дыгъэгъаэзэм ирихьэлIэу лэжьапIэншэу кьабжащ щыхуэ мини 6,3-рэ. Ауэ а бжыгъэми Iуэху щытыкIэр тэмэму кьиГъэльагъуэркьым: лэжьэгъуэ ныбжьым итхэм ящыщу лэжьыгъэ IэнатIэ пэрытыр и ныкъуэращ.

Апхуэдэу гугъуехьхэр гъэтэмэмыжа зэрызхъуну щыкIэм куууэ щыхэпlащ зэIущIэм. Унафэ ящIащ куейр лэжьыгъэ IэнатIэ кьыщIэсIуныкIэ программэ эмэлIэужьыгъуэхэм хагъэхьэну. Псальэм папщIэ, зи хьарзынэ щIэзыдзэ Iуэху зэтеэзыублэжьыну хуей щыху 78-м ахьшэ хуаутIыпщынущ, иджыри щыху 80-м «Къуажэ льапсэ» программэм ипкъ иткIэ, сом мелуан 24-рэ кредиту иратынущ.

- Дэ щхьэхуэу зы районхэдэ щыдыкIауэ, абы зиужьын папщIэ зыхуэчэм псори кьыхуэздгъэпэщу аракъым. Ауэ Iуэхуэм сэбэп хуэхьуну программэ гуэр тхухэгъэхьэнумэ, Iэмалыр зыIэщIэдгъэжьнукъым. Нобэ Май куейр кьэдгъэльэгъуа программэхэм хедгъэубыдэфмэ, пщэдей нэгъуэщI район гуэр нэхъ зэзгъынэу нэгъуэщI программэм хьыхьнущ. Ди куейхэм зэхуэдэу заужьынращ нэхъыщIэкъэ, - жиIащ КъБР-м и Президент Къанокъуэ Арсен.

ЗэIущIэм щаубзыхуащ Май районыр нэхъ зыгъэгъэзэ Iуэхугъуэ 11-р зэфIэха зэрыхьуну щыкIэр. Апхуэдэ Iуэхуэхэм хеубыдэ 14-нэ курыт еджапIэм сабий 200 щеджэну, иджыри сабий 80 зыщIэхуэну сабий сад зыхэтыну унэщIэ кьыпlащIыхьыныр, Май кьэлэм сабий творчествэмкIэ и центрыр зыхуей хуэгъэзэнэр, курыт еджапIэхэр компьютэркIэ зыIэхэр юбилей лъапIэр кьэсыху кьыкьуэкIыну.

ГУЩIО Зариф.



Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и депутатхэм ящIэн папщIэ

2010 гъэм бадзэуэгъуэм и 8-м КъБР-м и Парламентым и Унэм щызэхэтынущ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и зи чэзу зэIущIэ. Абы щIидзэнущ сыхьэти 10-м.

КъБР-м и Парламентым и пресс-Iуэхущапlэ.

● Прохладнэ куейм и унафэщIэкIэ хущIокъуэ

Сом мин 600 халъхьэ

Прохладнэ куейм и унафэщIэкIэ хущIокъуэ «КъБР-м унагъуэ куэд зыщIэс и унэхэр зэгъэпэщыжын» республикэ программэм зыщыгъэлъэгъуахэр зэфIэгъэкIыным.

УЧЕБНЭ, Красносельскэ, Комсомольскэ, Виноградное, Лесное жылагъуэхэм жыл дыдэ хъуа, кьат зыбжанэу зэтет псэупIэ унэу 7 зыхуей щыхуагъэзэнущ. Абы щыщ 5-р зэрикIуэ бжьамий куэд «ядыжынущ», языныкъуэ щыпlэхэм ахэр щаукъуэдиныну. А лэжьыгъэхэм трагъэкIуэдэну сом мелуани 10-р къэрал бюджетым, республикэм ейм - сом мин 620-рэ къаухэкIыу районым кьыIэрыхьэнущ. Мы Iуэхуэм унэхэр зейхэми къабгъэдэкIыу сом мин 600-м нэс халъхьэнущ. Къэрал программэм Прохладнэ районым хиубыдэ жылагъуэхэм Iэмал къаритынущ щIыхуэхэм я псэукIэр иригъэфIэкIуэну. Ильэс кIуам куейм и жылагъуэхэм сом мелуан 11 и уасэ мыпхуэдэ лэжьыгъэхэр щIэзэфIагъэкIащ.

ЖАНХЪУЭТ Зуэ.

Гъуэгухэр зэIуэпэщ ящI

АДЫГЕЙ. *Мейкъуапэ и гъуэгухэр зэпэщ ящIыным мы гъэм сом мелуан 300 пэблагъэ трагъэкIуэдэну я мурадщ. Мылъкур ильэсым кьриубыдэу псори кьагъэсэбэпыну, лэжьыгъэхэр фIагъ иIэу зэфIахыну президент ТхьэкIущынэ Аслъанджэрий игъэуващ.*

ГЪУЭГУХЭР зыхуей хуэгъэзэным хухахыну сом мелуан 292-м щыщу 150-р федеральнэ бюджетым кьыхэкIынущ, адрей мелуани 142-р республикэм дыщIигъунущ.

Псы ящIоуэ

КЪЭРЭШЕЙ-ШЭРДЖЭС. *Черкесск зыIус Кубань (Псыжь) и Iуфэм щыIэ дачэу 100-м щIигъум псы щIэуащ.*

КъАЛЭМ и унафэщI Коротченко Виктор ар кьызыхэкIа щхьэусыгъуэр зэхаГъэкIыну Санэпиднадзорым и IэщIагъэлIэхэм пщэрылъ ящIащ.

Псыр нэхъ ехами, ар зыщIэуа щIыпIэхэм кьахэхъуащ. ПсыIуфэр ягъэбыдэ, мывэкIещхъ пшахъуэ зэхэлъкIэ кубометр 200-м щIигъу зэтракIутащ, иджыри 500-м нэблагъэм елэжьын хуейщ.

УЭРДОКЪУЭ Женя.

Зэрытрагъэгушхуэ хэкIыпIэхэр къызэрагъэпэщ

Къэбэрдей-Балъкъэрым щызэхалъхьажащ 2009 гъэм кIалэ округхэмрэ муниципалитетхэмрэ я социально-экономикэ зыужьыныгъэм кIрикIуахэр. Абыхэм япкъ иткIэ, КъБР-м и Президент Къанокъуэ Арсен и унафэкIэ, текIуахэмрэ къыхэжаныкIахэмрэ ягъэбеджэныщ, ахэр гъэгушхуэным республикэ бюджетым сом мелуан 49-рэ щыхухахащ.

ЗЫХЬХЬЭгупхэм (пэжу кIалъытэн папщIэ, зэхуэдэу яIэ Iэмалхэм тещIыхьауэ, муниципалитетхэр ягуэшащ Бахъсэн кIалэ округым, Шэджэм, Бахъсэн районхэм яп1 увыпIэхэр кьыщахьащ. Абыхэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Кубок зэIэпахьымрэ сагугъэту сом мелуан пщIырыпщIрэ иратынущ. ЕтIуанэ увыпIэмрэ сом мелуан Хьрыкъымрэ Прокладнэ кIалэм, Шэрэдж, Тырч куейхэм ялысащ. Сагугъэту сом зы мелуан щIигъуу еущ увыпIэр Аруан районым хуагъэфэщащ.

Апхуэдэу текIуахэмрэ кьыхэжаныкIахэмрэ, зэрызэкIэтыкIыуэм хуэдэу, КъБР-м и Президентым и дипломхэм я I, II, III нагъыщхэр иратынущ.

Республикэм и Унафэщым кьызэрилъытэмкIэ, районхэмрэ кIалэхэмрэ я социально-экономикэ зыужьныгъэр зыкъуэдэр апхуэдэ щIыкIэкIэ кьыхэзрапщыгъэм муниципальнэ властым и Iуэхущафэр зыхуэдэр ягъэбелджылыну Iэмал кьарет, екъулIэныгъэ нэхъыбэ зиIэр щхьэхуэу зэрытрагъэгушхуэ хэкIыпIэхэри кьызэрегъэпэщ.

Фигу кьэдгъэкIыжьынщи, КъБР-м и муниципалитетхэм зэрадэIэпыкъу сагуГъэт фондым сом мелуан 33-м кьыщыщIэдзауэ 49-м нэскIэ хагъэхъуащ икIи а мылъкур республикэ бюджетым кьыхэкI. КьыщыпэмыщIауэ, кьызэрапыкъэ щIыкIэри яхъуэжащ: 2008 гъэм абы Iуэхугъуэ хэхауэ 40 хьхьэу щытамэ, иджы 22-щ. Ар республикэм и Президентым и пщэрылъым тету ирагъэфIэкIуащ, кьагъэнар щIыпlэ властхэм я зэфIэкIым кьыпэкIуэ екъулIэныгъэхэр. Абыхэм хокъэ щIыхьэм тещIыхьауэ мылъку нэхъыщхьэм инвестицэу халъхьэр, псэупIэу ятыр зыхуэдизыр, хьэрычэт Iэнатэ мыинымрэ курытымрэ я бжыгъэр, кьагъэсэбэп электрокъарумрэ газымрэ пэкIуэр зэратыр, еджапIэхэр компьютер техникэкIэ кьызэрызэрагъэпэщыр, школакIуэу яхуэгъашхэр, ику ит маз3 улахуэмрэ пэжьапIэншэу яIэмрэ зэрыхьэр, нэгъуэщIхэри. Апхуэдэу муниципалитетхэм я рейтинг зэуIум хохьэ социальнэ Iэнатlэхэм я зэгъэзэпэщ щытыкIэр зыхуэдэмрэ фейдэ зыпlытэ жылагъуэ лэжьыгъэхэм щIалэгъуэлэр зэрыхашэ щыкIэмрэ.

ХЬЭПЭ Маринэ.

● Дзэлыкъуэ куей

Газетым и тыгъэ

«Горянка» газетым и лэжьакIуэхэм кьабгъэдэкIыу Светловодскэжьыгъуэм дгт курыт еджапIэм тыгъэ хуэщIащ художественнэ тхыдэ 600.

КЪЫДЭКIУЭТЕЙ щIэблэр щIэныгъэм нэхъри пэгъунэгъу щIыным хуэунэгIа Iуэху щхьэпэм иращIэкIа зэIущIэм кьрихьэлIа егъэджакIуэхэм, кьуажэ библиотекэм и лэжьакIуэхэм, тхылъ едэжным щхьэ еджакIуэ нэхъыфIхэм фIыщIэ ин кьыхэущIащ тыгъэр къуажэ школым Iэрызыгъэхьэху «Горянка» газетым и редактор нэхъыщхьэ Къанокъуэ Заринэ, тхыдэтх Жэмыхъуэ Суфян, Кавказ Ищхьэрэм гъуэзджэмкIэ и къэрал институтым и егъэджакIуэ, щIэныгъэрыдлажьэ КIымыргуей Мурат сымэ. Ахэр тепсэлъыхьащ нобэ хуэдэ зэманым тхылъым игъуэтын хуей гулытэмрэ абы и мыхьэнэмрэ. Апхуэдэу Жэмыхъуэр зэIущIэм хэтахэм кьхуеджакIуэ еым и IдакъэщIкI щхьэхуэхэми. Гум еуэбыдIэу екIуэкIащ зэIущIэр, итIанэ хьэщIэхэмрэ бысымхэмрэ зэгъэуэсу тхылъхэр библиотекэм щагъэзэгащ.

ЩЭРЭДЖ Диз.

● Гулытэ

КIуащ БетIал ящыгъупщэркъым

ЗИ емыщ ыкъэ усэкIэ щIэщыгъуэкIэ цIыхум яхэIуауэ щыта, зи Iэужьхэр бэм фIыуэ ялъагъу усакIуэ Iэзэ КIуащ БетIал кьызэралъхурэ мы гъэм и бжьыхьэм илъэс 90 ирикIунущ. Къэбэрдей-Балъкъэрым и ТхакIуэхэм я зэгъэхьэныгъэм пасэу щIидзауэ зыхуегъэхьэзыр а махуэр гъэтхъэпIэным. А лэжьыгъэм жьыджэру хэтщ «Шыхупlагъуэ» литературэ хасэм и тхакIуэ, усакIуэ ныбжьыщIэхэри. Абыхэм КIуащым и тхыгъэхэр щIэрыщIэу яджьыж, усэхэр гукIэ зрагъащIэ, и гъащIэмрэ и творчествэмрэ кууэ щыгъуаэз защI. А псор кьызэщIакъуэжу телевизоркIэ кьатар щыхуэм ягу ирихьащ, етIуанэуи кьатажащ, кьытрагъэзэжри.

Абыхэми кьыщынэркъым тхакIуэ ныб жьыщIэхэм я гулытэр здыныкIыр. Иджыблагъэ тхакIуэ гуп щыащ КIуащ БетIал и кхъащхьэ Пащшык и Затишье хьэблэм щыIэм. Ахэр ирихьэлIат ягу кьемыуэнкIэ Iэмал зимыIэ щытыкIэ - кхъащхьэ ерагъкIэ кьагъуэтыжаяу аращ. Абы щыхуэкIэтыеIэтэкъым, пабжьэу зэщIэкIэжат, гъунэгъу кхъащхьэхэм кьытрагъэкъэбзыкIэр абы кьытрадзауэ щызэтефыхьырт, убгъэдыхьэ мыхьуэ. Сын жаIэу зэгуэр хатIа сэ я Iофмари кьэтъэпэжат.

«Шыхупlагъуэм» хэтхэм а псорри ягъэкъабзэщ, зэщIапхъэнкIэжри, удз гъэгъаи щагъэтIылъыжащ. Ауэ абыхэм фIыуэ ялъагъу усакIуэм хуэфащэ сын ящIу хуагъэувыжьын яхуэзфIэкIакъым. Ахэр мэгугъэ апхуэдэ зэфIэкI зиIэхэр юбилей лъапIэр кьэсыху кьыкьуэжыну.

ДЫГЪУЖЬОКЪУЭ Гъэщцыпсэ.

КIуащ БетIал. *1945 гъэ*

● Шэджэм куей

Гъэмахуэр икIыху

Районым гъэмахуэм и яп1 мазэм кьриубыдэу ныбжьыщIэ 255-м дэжьыгъэ IэнатIэ щратащ.

КУЕЙМ цIыхухэм лэжьыгъэ къахуэгъэуэтынымкIэ и центрыр гъэ къэс курыт школхэм ягуроIуэ илъэс 14 - 18 зи ныбжь еджакIуэхэр нобэрей Iуэху зехьэкIэм хуэзыгъэсэным, тегъэгушхуэным теухуауэ.

Апхуэдэ зэгурыIуэныгъэхэр хуэIэщ Нартан къуажэм дэт школ-интернатымрэ Шэджэм кьалэм и 1-нэ, 2-нэ курыт еджапIэхэмрэ. Ар мыкуэдми, зфIэфIу мы Iуэхум хэтщ. Я нэхъыбэр гъэмахуэ зыгъэпсэхугъуэр икIыху лэжьэнущ.

АХЪУЙ Асият.



Иджы псори ялъагъу

Китайм и Синьцзян-Уйгур автономнэ хэйм изгъабэ и бадзэуэгъуэм щыхъуэм зыкъыщаIэту кьауэгъэшхуэ щыIа ноужь, ильэс дкIауэ, а районым и кьалащхьэ Урумчи и уэрамхэм видеокамерэ мин 40 щыфIадзащ. Иджы дгтхэмэ кьалдэсрэ, и уиц кьызэрыщIэкIыу, полицэм еIыгъу.

Ильэс и пкIэ мыбы кьыщыхъуа зэрызехьэмкIэ Пекиным игъэкъуэншащ «Уйгурхэм я Дунейпсо конгресс» правительствэм ейуэ щымыт жылагъуэ зэгухьэныгъэр. Уйгурхэмрэ хань лъэпкъымрэ зэпэщIэувэри, абы щыгъуэ щыхуи 197-рэ хэкIуэдауэ щытащ.

Иджы Урумчи и унафэщIхэм видеокамерэхэр щагъэуващ автобус мин 4-м, абыхэм я къэувыIэпIэ 20-м, сату щIапIэхэм, щыхуэ зэхуэсыпIэхэм. Апхуэдизэ техникэм кьигъэльагъуэр зэкIуалIэ центр щхьэхуэ щыIэщ. ЗэрыжаIэмкIэ, дяпэкIэ кьалэ уэрамхэм видеокамерэу нэхъыбэж щагъэувынущ.

ЗауэлI 30.000

«Рейтер» хьыбарегъащIэ IуэхущIапlэм кьызэриты-мкIэ, США-м и Конгрессым дыкIуэхэмкIэ и палатэм дыгъуасэ кьыщтащ я президент Обамэ Барак Афганистаным хэзыпхъуIауэ кьыдэт Iуэхуэхэм мылъку хэзытIыщцыныр щIэзыгъэбыдэ законым и проектыр. Абы ипкъ иткIэ, Америкэм я къралым идкыри зауэлI мин 30 егъакIуэ, демократ партым президентым кьыдыхэхуэр икъуэкIэ мыарэзы пэтми.

Обамэ Барак къулыкъум зэрытеувэу, Афганистаным щыIэ дзэр, курыпшыжину жиIа щхьэкIэ, мазаем конгрессым едъэIуащ доллар мелард 33-рэ къыхуаутIыпщынымкIэ, а къралым идкыри зауэлI мин 30 игъэкIуэн папщIэ. Ар къагъэгутат мы гъэм бадзэуэгъуэм и 4 хьхьу ахъшэр зыкъэIрагъэхьэну, арщхьэкIэ зэкIэ зэфIэкIакъым. 2009 гъэм щегъэжьауэ США-м хигъахьэу зэпытщ Афганистаным щигъэзауэ зауэлIхэм я бжыгъэм. Мазэ зыбжанэ зэхуэдизкIэ НАТО-м я Iуэхущапlэ щыIэ 100-м нэсащ. А зауэлI мин 30-м и процент 92-р зауэ Iэнатlэм Iуэвэнчу щыщхьэIуэ и кIэм.

А псом емыльытауэ нэхъри зэщIопlлъэ Афганистаным щекIуэкI зауэр. Мы гъэм зэрыщIидзэр НАТО-м и Iуэхущапlэ щыIэ 520-рэ хъурт. Мы гъэм и мэкъуауэгъуэ мазэ закъуэм НАТО-м и зауэлIу къаукIащ цIыхуи 102-рэ, абы щыщу 60-р США-м ейщ.

Псори зэхэту НАТО-р Афганистаным зэрыщыIэр (2001 гъэм щегъэжьауэ) хэкIуэдащ зауэлI мини 2 хуэдиз.

ЩIыдагъэмрэ долларымрэ

Балдзэуэгъуэм и 1-м ОПЕК-м ишэ щIыдагъэм и баррелым хуэзэ гъэсэн ехьан зэу доллари 2,03-кIэ. Иджы ар и уасэм доллар 70,48-рэ.

Мазэ кIуам ику ину апхуэдэ щIыдагъэр ящхэхуащ доллар 72,97-кIэ, накъыгъэм - 74,48-кIэ. Мы гъэм ар нэхъ лъапIэ дыдэу щыщытар мэлыжьыхьращ - зы баррелым доллар 82,33-рэ щIатырт.

ЩIыдагъэм и уасэр зэрехьм дунейпсо экспертхэм фIы куэд хальхьауэ. Псом хуэмыдэжу абы и уасэр щыдгъэгъэр 2008 гъэм бадзэуэгъуэм и 3-рат - а махуэм зы баррелым доллари 140,73-рэ щIатащ. Мис абы и ужькIэ США-м и экономикэм хуэ щIыкIэ тIасхьапIэхэр къыпхиуду дунейпсо финанс кризисым щыщIидзари. Экспертхэм зэрыхуагъэфащэмкIэ, щIыдагъэм и уасэр а бжыгъэм аргуэру зэ нэсмэ, иджыри кьэхъунур аращ: дунейпсо кризисым и етIуанэ удыныр яп1 щыкIэ доллараи, итIанэ адрей къэралхэм ятехуэнущ.

Мы махуэхэм

Бадзэуэгъуэм и 3, *щэбэт*

◆ Кооперативхэм я дунейпсо махуэщ

◆ Белоруссие Республикэм и къэрал гуфIэгъуэщ - щхьэхуитныгъэм и махуэщ (1944 гъэм фашист зэрыпхъуакIуэхэр Белоруссием зэрырахужам тещIыхьа гуфIэгъуэщ).

◆ 1991 гъэм Алтай Республикэр кьызэрагъэпэщащ.

◆ 1991 гъэм Хакасие Республикэр кьызэрагъэпэщащ.

◆ 1991 гъэм Къэрэшей-Шэрджэс Республикэр кьызэрагъэпэщащ.

◆ 1957 гъэм СССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и Президиумым и Указкlэ Къэбэрдей-Балъкъэрым Лениным и орденыр етIуанэу кьыхуагъэфэщащ.

◆ 1791 гъэм Урысейм и дзэм Анапэ быдапIэр кьищтащ, ар зыхьумэ адыгэхэм пэлъэщри. БыдапIэм и хьумакIуэхэр псори гущIэгъэнщэу зэтраукIат.

Бадзэуэгъуэм и 4, *тхьэмахуэ*

◆ Тенджыз, псы екъэ флотым и махуэщ

◆ Зауэ-Тенджыз флотым и авиацэм и махуэщ

◆ Америкэм и Штат Зэгуэтхэм (США-м) и лъэпкъ гуфIэгъуэщ - 1776 гъэм къэрал щхьэхуит хъуащ.

Бадзэуэгъуэм и 5, *блыщкъэ*

◆ Ермэлым (Армением) и Конституцэм и махуэщ

◆ Бадзэуэгъуэм и 5 - 8-хэм Страсбург (Франджы) щызэхэтынущ Европарламентым и пленарнэ зэIущIэ.

◆ Бадзэуэгъуэм и 5 - щыщхьэIум и 5-хэм Женевэ (Швейцарие) щекIуэкIынущ дунейпсо хуитныгъэмкIэ Комиссэм и 62-нэ зэIущIэ.

◆ 1943 гъэм Курск зэхэуэм щIидзащ.

Планэуэр зыгъэхьэзырар **ГУЩIО Зариф.**

● Нобэ Урысей МВД-м и ГИБДД-м и лэжьакIуэхэм я махуэщ

Жэщ, махуэ ямыIэу

УРЫСЕЙ МВД-м Гъэзугъэм щынагъуэншэу щызекIуэныкIэ и къэрал Iуэхущапlэр кьызэрызэрагъэпэщр ильэс 74-рэ ирокъу. 1936 гъэм бадзэуэгъуэм и 3-м СССР-м и Цыхьэ комиссархэм я Советым кьиштауэ щытащ СССР-м и НКВД-м и Милицэм и управленэ нэхъыщхьэм и Автомобиль къэрал инспекцэм теухуа дэфтэрыр. IэнатIэм и къалэн нэхъыщхьэр гъэгугъэм щынагъуэншагъэр кьыщызэгъэпэщын, шоферхэр зэрагъэхьэзырым кIэлъыплъын, автотранспортым и щытыкIэр кьэпщынтэн, абы и куэдагъэр кьэлъытэн лэжьыгъэрт.

ЕкIуэныкIуэ инспекцэм и пщэрылъхэм зэхъуэжьынигъэхэр ягъуэтащ. 1990 гъэхэм, экономикэр рынок зэхущытыкIэхэм щыхуэкIуам, автотранспортым и бжыгъэм фIыуэ хэхъуащ, ауэ абы гугъуехьхэри кьыдэкIуащ. Нобэ ГИБДД-м и къалэн нэхъыщхьэр гъэгугъэм щызекIуэхэм я шынагъуэншагъэр кьызэгъэпэщынырщ, аварие хэмрэ абыхэм я Iуэхьхэмрэ гъэмэщIэныр. А псоми щыпlэльэщынур иджыри зэманым еэзгъуэ заужьмэщ.

Кьалэн мытыншыр жэщ, махуэ ямыIэу гъэзугъэм щезыхьэкIхэм я лэжьыгъэр нэхъри хьэлъэ ещI автотранспортым и бжыгъэм кIуэ пэтми зэрырэхъуэм. Дыгъуасэ Урысейм къэрал кIуэцIу Iуэхуэхэмкlэ и министр, армэм и генерал Нургалиев Рашид ГАИ-м и махуэм ирихьэлIу я лэжьыгъэм кьрикIуаэр щызэхэалъхьажа, яп1 игъэщIапхъэ кьалэнхэр, зэманым кьиштэуэ гугъуехьхэр кьызэнэкIыным и хэкIыпIэхэр щаубзыхуа видеоконференц ириубжьидащ.

КъБР-м щыIэ МВД-м и УГИБДД-м и махуэм теухуа зэIущIэ нобэ екIуэкIыну. Абы щагъэльэпIэнущ я лэжьакIуэ нэхъыфIхэр.

УАРДЭ Жантинэ.

Мы ящIэн

Къэбэрдей-Балъкъэрым щызэхалъхьажащ 2009 гъэм кIалэ округхэмрэ муниципалитетхэмрэ я социально-экономикэ зыужьныгъэм кIрикIуахэр. Абыхэм япкъ иткIэ, КъБР-м и Президент Къанокъуэ Арсен и унафэкIэ, текIуахэмрэ къыхэжаныкIахэмрэ ягъэбеджэныщ, ахэр гъэгушхуэным республикэ бюджетым сом мелуан 49-рэ щыхухахащ.

Къэбэрдей-Балъкъэрым щызэхалъхьажащ 2009 гъэм кIалэ округхэмрэ муниципалитетхэмрэ я социально-экономикэ зыужьныгъэм кIрикIуахэр. Абыхэм япкъ иткIэ, КъБР-м и Президент Къанокъуэ Арсен и унафэкIэ, текIуахэмрэ къыхэжаныкIахэмрэ ягъэбеджэныщ, ахэр гъэгушхуэным республикэ бюджетым сом мелуан 49-рэ щыхухахащ.

Къэбэрдей-Балъкъэрым щызэхалъхьажащ 2009 гъэм кIалэ округхэмрэ муниципалитетхэмрэ я социально-экономикэ зыужьныгъэм кIрикIуахэр. Абыхэм япкъ иткIэ, КъБР-м и Президент Къанокъуэ Арсен и унафэкIэ, текIуахэмрэ къыхэжаныкIахэмрэ ягъэбеджэныщ, ахэр гъэгушхуэным республикэ бюджетым сом мелуан 49-рэ щыхухахащ.

Къэбэрдей-Балъкъэрым щызэхалъхьажащ 2009 гъэм кIалэ округхэмрэ муниципалитетхэмрэ я социально-экономикэ зыужьныгъэм кIрикIуахэр. Абыхэм япкъ иткIэ, КъБР-м и Президент Къанокъуэ Арсен и унафэкIэ, текIуахэмрэ къыхэжаныкIахэмрэ ягъэбеджэныщ, ахэр гъэгушхуэным республикэ бюджетым сом мелуан 49-рэ щыхухахащ.

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

●Депутатым и псалъэ

НэхъыкIэ пщIы хъунукъым

Урысыем Федерацэм и Президентым бюджет Iуэхуэсэм екъэIлау иужьрейуэ Къэрал Думэм Зэрызых уигъэзар кьоIасэ УФ-м и Бюджет кодексым и 170-нэ статьям. А щыхьэт ткIылым Iуплщу, Гурыдуэгъуэу щыубзыхуащ 2011-2013 гъэхэм щыIэну уней бюджет политикэр зыхуэдэр. Ар экономикэм зыщиужь, финансхэм, ахъшэ хъуманIэхэм я системэм тэмэму щылажь лъэхъэнэм - 2011-2013 гъэхэм - къэралыр и пэкIэ зэрыкIуэтэну щыкIэр зэпкърыхауэ зыубзыху планщ. Апхуэдэ Iэмалыбгъэхэр Урысыем Федерацэм игъэтащ бюджет политикэ Iущым, и чэзуэ кризисым пэщIэувэу ялэжьа Iуэхугъуэхэм я фыгъэкIэ. Аращ лъабжьэ хуэхъуар социальнэ зэпIэзэрытынигъэр зэрихьумамкIэ кьыдэтемыувыIэу, социально-экономикэ Iуэхугъэр зэрыригъэфIэкIуэну мылькугъэ кьарурэ зэриткъарыр и къэралыр и кризисым кьыжьэныным. Экономикэр нэхъ зыгъэлажьэ, абы зэхьэзэхуэм и нэщэнэхэр кьыщыязэгъэпэщ Iуэхугъуэхэр, инвестицэ лэжьыгъэр нэхъыфIыжу зэтезыубгъэ щытыкIэхэр кьыдзэгъэпэщныр а илъэсхэми бюджет планым лъабжьэ хуэхъунущ. Абы щыгъэзыгъэ лъэныкъуэмэрэ гаъыдмрэ кьыпэкIуэ зэкIуэр нэхъ мащIэу къагъэсэбэпынущ, щыдагъэм хуагъэ лъагъэр уасэм зэрызихъужкыр кьалытэуэрэ, федерал бюджетыр нэхъ зэтеубыдауэ, зэпIэзэрыту зэгъэзэщIэн папщIэ бюджетыр щызэрагъэзахуэжкIэ гульытэ щхьэхуэ зэрытынущ ягъэ игъэщIыпхьэу кьыхагъэбгъдэкьыкIауэ щыта Iуэхугъуэхэм. Къэрал программэу яубзыхуэхэм япкъиткIэ, лъэпкъ проектхэм пыщIа лэжьыгъэм кьыпащэн хуейщ, ахэр зэрагъэзащIэ щыкIэм фIы кьызэрыпэкIуэр нэрылъагъу хъуащ. Апхуэдэу ялэ игъэщIыпхьэхэм ящыщ кьэралыр щыхуэхэм зэрадэIэпкIуэ щыкIэр, кьэралым и зыхъумэжьныгъэр кьызэрызэгъагъэпщ, экономикэр кьызэрагъэт Iэмалхэр, транспортым и инфраструктурэр, егъэфIэкIуэныр.

УФ-м и Президентым депутатхэм Зэрызах уигъаззэм гульытэ хэха щыхуещI бюджет системэм и кьэхуэсэбэпхэм щыныкIэ щыIэ IэмалыщIэхэм. А Iуэхум кьалэнышхуэхэр игъэзащIэн хуейщ нобэкIэ яг налогхэр кьызэрыхэкI щыкIэр игитъэфIэкIуэныкIэ. ИкIи а сом кьыдэгъуэгурыкIуэу, Iуэхугъуэ щхьэхуэхэмкIэ налог зэрытрадльхьэ щыкIэр егъэфIэкIауэ пхуэжэ хъунущ, хьэрыфэтыщIэ Iуэхэм нэхъ заубгъун папщIэ. Псом ялэ ар щылэжьыпхьэр инноваци пыщIа Iэнатlэхэращ. Кьэралым и налог политикэр зыхуэдэу щытыпхьэр пIалъэ кIыхьым тещIыхьауэ щиубзыхуэм дежи, экономикэм и инноваци кьудамэхэм заужьныным телажьэ щытыкIэхэр кьыдзэпэщIа эрэрыхъунум псори хуэунэтIауэ щытым хуейщ. Апхуэдэм дежи псом ялэ убзыхупхьэщ хьэпIэщIып, Iуэхутхьабзэ лIэужьыгъуэщIэхэр кьыщIэтъэкIа, гъэлэжьа зэрырыхьнумрэ ахэр цыхуэхэм щIэупщIэшхуэ иIэу кьагъэсэбэпынымкIэ щытыкIэфIкIэр кьызэгъэпэщынымрэ.

Нобэ ди комитетыр апхуэдэ щытыкIэхэр зыубзыху закон зыбжанэм я проектхэм йолажь. Абыхэм кьызэрагъэпэщынущ кьыщIагъэкI хьэпIыщIхэм, шхыныгъуэхэм хэгъэхъуэныр, хэхъуэм хагъэкI налогхэмкIэ, Iуэхущапlэм и мылькум, и щIым пэкIуэ налогхэмкIэ льготэхэр. КьышынэмыщIауэ, энергокризэр и лъэныкъуэкIэ нэхъыфIу лажьэ Iэмэпсымэщ кьэзыгъэсэбэпу щIэзыдзахэм я Iуэхур пIалъэ кIэщIым кьриубыдэу ящыгъэпсынщIэным, инноваци IуэхуэхмкIэ налог кредитыр убзыхуным хуэунэтIа кьэрал политикэм и Iэмалхэр кьызэрегъэзакIыну жэрдэмхэмя дапоплъэ. Экономикэм технологиещIэхэр хьыхьа хьун папщIэ, мыхьэнэщхуэ иIэщ энергокьаруэр зэрызгъэзахуэу Iэмэпсымэхэр кьэзыгъэсэбэп Iуэхущапlэм и мылькум пэкIуэу ит налогыр иIэсищIкIэ щхьэщыхьным.

Апхуэдэу, я чэзуэр кьэсыным поплъэ уней инвес тицэр уэзыщагъэр хьумэныр, щIэныгъэ егъэзагъуэтыным хуит хуащIынми. Абыхэми хэхъуэм хатыкI налогыр щхьэщхьэныщ. Нэхъ псынщIэу кьэщтэн хуейщ пхуэмыгъэзэпэчуэ мылькум пэкIуэ налогхэм я законри, абы кадастр зыхуэныкъуэхэри хиубыдэу, мылькум рынокым щиуасэм тещIыхьауэ налогри ятын хуэдэу, ауэ зи хэхъуэр мащIэ унагъуэхэм а налог Iлэужьыгъэр ящхьэщIхьу.

Налог хэхыкIэм и Iэмалхэр егъэфIэкIуэныр икIэщIыпIэкIэ лэжьын хуейр Iуэхугъуэхэм щыщу ноби кьоно. Ауэ налог зэрарым кьэралыр Iуэхущапlэхэр нэхъ тIипIу зэрыкIыпlыным ар хьэлэлу зытхэм я Iуэху щытыкIэр нэхъыкIэ ящI хъунукъым. Зэрыщыту кьапщтэжэ, Урысыем Федерацэм и Президентым Кьэрал Думэм и депутатхэм Зэрызахуигъэзар бюджет Iуэхуэхэм зэрелэжьын хуейр Iэмалхэр зыубзыху щыхьэт тхылъщ. Дэ, депутатхэм, лэжьыгъэщхуэ кьыптпэщытыщ а Iэмалхэр гъащIэм хэпщIынымкIэ.

ВАСИЛЬЕВ Юрий,
УФ-м и Къэрал Дуэмэм бюджетымрэ налогхэмкIэ и комитетым и унафэщI.

Кхъуэлуфэ Хьэчим и тхылъхэм ящыщ зы еджакIуэхэм тыгъэ яхуеущI.

Зэныбжьэгъугъэ ягъэлъапIэ

●Ди гъунэгъуэхэм я деж

Къэбэрдей-Балькъэрымрэ Ингушымрэ я щIы кIапэр зэтеухъ кьудейкьым, республикитIым щыпсэу щIыхуэхэри зэкIэлыкIуэу, зыр зым дэIэпыкъуэу, я гуфIэгъэ гуэвдатуэ зэдагъэшу кьоГъэгурыкIуэ. Апхуэдэ зэпыщIэныгъэхэр нэхъри былъ хьун папщIэ иджыблагъэ Ингушэ Республикэмрэ Къэбэрдей-Балькъэрымрэ зэращIылIащ я президентхэм я Iэ зыщIэль зэгурыIуэныгъэ. Абы кьыщыгъэлъэгъуащ щэнхабзэм екъэлIа Iуэхугъуэхэри.

НЭХЪЫЖЬЫУЭХЭМ фIыуэ ящIэж Совет Союзым и зэманым зы республикэм и щэнхабзэм и махуэхэр нэгъуэщI республикэхэм щекIуэкIыжкIы зэрыщытар. Зы лъэпкым и екъуэдапIэхэм адрей лъэпкъхэр щыгъэгъуэзэным мыхьэнэ ин дыдэ иIэт зэныбжьэгъугъэр гъэбыдэныкIэ, къэрал иным щыпсэу цIыхухэр я псэукIэкIэ, я гупсысэкIэкIэ зэрыщIэу нэхъ зэпэгъунэгъу щыныкIэ. Ди жагъуэ зэрыхъущи, апхуэдэ махуэшхуэхэр ди зэманым нэхъ мащIэ хъуащ. Ауэ, кIуэдыжыпхуэ пхуэжьIэнуэкъым. Хабзэ хуауэ кьекIуэкIыжу щыта апхуэдэ Iуэхугъуэ дахэхэм ноби зэрахузэфIэкIкIэ пызыщIэхэри щыIэщ. Абы и щапхъэхэм ящыщ зыщ ди гъунэгъу Ингушым щыщ Мэлгъэбэг районым щыпсэухэмрэ КъБР-м и тхакIуэхэмрэ кудз щIауэ яку дэлъ творческэ зэрыщIэныгъэхэр. Абыхэм щIэдзапIэ хуэхъуат Мэлгъэбэг кьалэм щIыхь зиIэ и Цыху, Шэшэн-Ингушым и цIыхубэ тхакIуэ Чахкиев Саид кьыхилъхьауэ щыта жэрдэмыр. Ар даГыратат Мэлгъэбэг дэт езанэ гимназием и унафэщIхэмрэ район администрацэмрэ. ТхакIуэхэмрэ щIалэгъуалэмрэ я зэIуащIапIэ нэхъыщIхъэ хъуари гимназиерщ. Езы гимназием и гугъу щIыбымэ, мыр Ингушым и мызакъуэу, Урысей псом щIэ щызиIэ еджапIэщ, и егъэджакIуэхэмкIи и еджакIуэхэмкIи щIэрыIуэу. Абыхэм мызэ-мытIэу увыпIэфIхэр кьыщыхьащ республикэ, урысей, дунейпсо зэпеуэхэм. Апхуэдэу гимназием кьыхуагъэфэщащ Урысей Федерацэм и Президентым и саугъэтыр. ЕхьулIэныгъэ псоми я кьызэгъэпэщакIуэщ гимназием и директор, Ингуш Республикэм щIыхь зиIэ и егъэджакIуэ, цIыхухэм щIэныгъэ егъэгъуэтыныкIэ Урысей Федерацэм и отличник Гандалоев Ахъмэт. Кьыхэгъэщыпхъэщ мы гимназием езым и фащэ зэрриIэжри, лIэужьыгъуэ зыбжанэ хъууэ. Ахэр еджакIуэ псоми ящыгъуи яфIэфI дыдэу.

КъБР-м и ТхакIуэхэм я союзым и тхъэмадэ КхъуэIуфэ Хьэчим, «Минги Тау» журналым и редактор нэхъыщхьэ, КъБР-м и Парламентым и депутат Додуев Аскэр, «Iуащхьэмахуэ» журналым зэуап зыхь и секретарь Джэрыджэ Арсен сымэ зыхэта хьэщIэ гупыр ди гъунэгъуэм ирагъэблэгъат гимназиер къызэрыгъэзэнэщIэ илъэспIщI зэрырикъум, абы ирихьэлIэу еджапIэм Чахкиев Саид, илъэс и пкIэ дунейм ехыжам, и щIэр зэрыфIащам и щIыхькIэ.

Мэлгъэбэг районым и мызакъуэу республикэр зэригушхуэ гимназием и махуэшхуэм кьрихьэлIахэр куэд хьурт. ГуфIэгъуэ щIыхьэщхьэм и кьхьыбэр щекIуэкIар Щэнхабзэмкlэ уиэрщ. Еджапlэм гуапэу кьехъуэхъащ республикэм, районым, кьалэм я унафэщIхэр, Мэлгъэбэг кьыдэкIа цIыху цIэрыIуэхэр, хьэрычэтыщIэхэр, щIэныгъэлIхэр, щэнхабзэм и лэжьакIуэхэр. Пщыхьэщхьэр ягъэдхащ Ингушым и уэрджэIакIуэ, кьэфакIуэ щIэрыIуэхэм, гимназием и еджакIуэхэми зэфIкI хъарзынэхэр зэрагъэ ягъэлъэгъуащ.

Гимназием и махуэшхуэмкIэ екъуэхьуу фэепль тыгъэкIи хуэупса нэужь, Къэбэрдей-Балькъэрым икIахэм жаIащ я ныбжьыгъуфIу щыта тхакIуэщхуэ, Кавказым ис лъэпкъхэр зэшхлIэным, зэныбжьэгъугъэр гъэлъэпIэным псэ кьабзэкIэ телажьэу щыта Чахкиев Саид и цIэр еджапIэ цIэрыIуэм дяпэкIэ зэрызэрихьэнур я гуапэ зэрыхъуар, абы лъэныкъуэ куэдкIэ Iуэху щыхьэнэхэр кьызэрырикIуэнур.

БГЪЭНОКЪУЭ Хьэбас.

«Кавказыр ди зэхуэдэ унэщ»

●Щэнхабзэ

Арат зэреджэр Налшык дэт «Кавказ» сабий зыгъэпсэхупIэм щекIуэкIа зэныбжьэгъугъэм и фестивалым, Абы хэтащ ди республикэми гъунэгъу щIыналъэхэми щыщу цIыху 1200-м нэблагъэ.

ГУКЪИНЖУ я гъэмахуэ зыгъэпсэхуэгъэр мыбы щагъакIуэ, я узынщагъэр щрагъэфIакIуэ Кьэрэшей-Шэрджэс Республикэм щыкIа сабий 800-м, Астрахьэнрэ Кьэбэрдей-Балькъэрымрэ щыщу - 360-м. Аэхр псори зи узынщагъэм кIэлыплъын хуей ныбжьыщIэщ, кьэралым и гульытэрэ дэIэпыкъуныгъэрэ хуэныкъуэщ.

МахуитхуикIэ екIуэкIа фестивалым кьызэщиубыдэрт зэхьэзэхуэр, джэгукIэ зэмылIэужьыгъуэхэр, концертхэр. НыбжьыщIэхэм кьагъэльэгъуащ Кавказым щыпсэу лъэпкъ зэхуэмыдэхэм я хабзэм, щэнхабзэм зэрыхащIыкIыр. Кьафэ, уэрэд, усэ, тхыдэр зи тегъэщIапIэ хьыбар - а псом кьызэхуэсахэр щагъэгъэуэзэрт. Апхуэдэуи адыгэ хьэгъуэлIыгъуэр зэрырагъэжьуэкIыр, урысхэм сэрымейр зэрагъэлъапIэр утыку кьрахьащ.

Псоми ягъэщIэгъуащ фIыуэ зэхэзымыс сабийхэм я республикIэ школ-интернатым и гъэсэнхэм я кьэфэкIэр, тэмэму мыпсэлъэф ныбжьыщIэхэм я еджапIэу Астрахьэн кьалэм дэтым щIэсхэм я уэрэд жыIэкIэр. Нэхъыщхьэрати, абыхэм ящыщ дэтхэнэ зыми гукъыдэжыр и куэдт, ныбжьэгъуащIэ хэр зригъэгъу зтыну зых этым задригъэкIуну пылът. Ахэр псалъэншэу зэрызэгурыIуэм, псэкIэ зэрыщэпэгъунэгъум, я хабзэхэр куэдкIэ зэрыхэтхуэм, псом ящхьэрацIи, ныбжьэгъугъэм сабийхэр зриншлIащ. НыбжьыщIэхэм иджыри зэ хьэкъ ящыхъуащ Кавказыр и зэхуэдэ унэу зэрыщытыр.

Гала-юнцертым егугъуу зыхуагъэзэрат зыгъэпсэхупIэм щыIэхэм: гъэмахуэ зытыкуэр дахэу я игъэщIэрэщIат, щыгъын гъэщIэгъуэнхэмкIэ зыкъах уэпат, дэнэкIэ умыпIэми Кавказ Ищхъэрэм щыпсэу лъэпкъхэм я ныпхэр пIалъэрт. Абы кьрихьэ лIат Кьэрэшей-Шэрджэс Республикэм лэжьыгъэмрэ социальнэ зыужьныгъэмкIэ и министрым и кьуэдзэ **Дермиловэ Неллэ**, тэмэму мыпсэльэф ныбжьыщIэхэм я еджапIэу Астрахьэн кьалэм дэтым и Iэтащхьэм и кьуэдзэ **Клишинэ Маринэ**, КъБР-м IэужьыгъэмрэI социальнэ зыужьныгъэмкIэ и министерствэм социальнэ Iуэхутхьабзэ щIэныкIэ и департаментым и тхьэмадэ **Кьумыкъ Аслъэн**, а министерствэм сабийхэм я зыгъэпсэхуэгъуэр кьызэгъэпэщынымкIэ и кьудамэм и унафэщI **Щаваев Тlэхьир** сымэ.

ЗэкlущIэр зэхуэщIыжаш «Хьэщlапlэ докIуэ» зыифlаш Iыхьэмкlэ. IэрыщI унэ щыкIуэхэм хьэщIэхэм щыхуагъэуват «Кавказ» сабий зыгъэпсэхупIэм и пщафIэхэм ягъэхьэзыгъэ лъэпкъ шхыныгъэ Iэфlэхэр зытелъ Iэнэхэр.

УЭСМЭН Маринэ,
штатым хэмыт ди корреспондент

●Ди сурэт гъэтIылъыгъэхэр

Адыгэхэр.
Сурэтыр **Веруц-Ковалевский Альфред** *ищIащ. 1885 гъэ.*

«Урысей зэкъуэт» партым и унафэщI Путин Владимир и щIыналъэ жылагъуэ IуэхущIапIэм 2010 гъэм и бадзэуэгъуэм цIыхухэр щрагъэблэгъэну зэманыр

Налшык къалэ, Лениным и проспект, 48, телефоныр: 77-00-40

№	И унэцIэр, цIэр, адзыIэр	Щылажьэ щIыпIэр, и къулыкъур	Щрагъэблагъэну махуэхэр	Щрагъэблэгъэну зэманыр
1.	Жанатаев Сэлим Алий и къуэм Хьаний Рустэн Руслан и къуэм	КъБР-м и Парламентым и депутат ЩIыпIэ самоуправленэм и Налшык къалэСоветым и депутат	2010 гъэм бадзэуэгъуэм и 5-м	Сыхьэти 10-м къыщыщIэдзауэ 13-м нэсыху Сыхьэт 14-м нэхъыщIэдзауэ 17-м нэсыху
2.	Жэрыкъуэ Борис Хьэжмурат и къуэм Абазэ Виталий Владимир и къуэм	КъБР-м и Парламентым и депутат ЩIыпIэ самоуправленэм и Налшык къалэСоветым и депутат	2010 гъэм бадзэуэгъуэм и 6-м	Сыхьэти 10-м къыщыщIэдзауэ 13-м нэсыху Сыхьэт 14-м къыщыщIэдзауэ 17-м нэсыху
3.	Уэлджыр Амур Мушахьид и къуэм Сокъур Олег Хьэчим и къуэм	КъБР-м и Парламентым и депутат ЩIыпIэ самоуправленэм и Налшык къалэСоветым и депутат	2010 гъэм бадзэуэгъуэм и 7-м	Сыхьэти 10-м къыщыщIэдзауэ 13-м нэсыху Сыхьэт 14-м къыщыщIэдзауэ 17-м нэсыху
4.	Iэпщэ Заур Борис и къуэм Моллаев Алим Нажмудин и къуэм	КъБР-м и Парламентым и депутат ЩIыпIэ самоуправленэм и Налшык къалэСоветым и депутат	2010 гъэм бадзэуэгъуэм и 12-м	Сыхьэти 10-м къыщыщIэдзауэ 13-м нэсыху Сыхьэт 14-м къыщыщIэдзауэ 17-м нэсыху
5.	Смирновэ Татьяна Иван и пхъум Къумыкъуэ Iэуес Мухьэмэд и къуэм	КъБР-м и Парламентым и депутат ЩIыпIэ самоуправленэм и Налшык къалэСоветым и депутат	2010 гъэм бадзэуэгъуэм и 13-м	Сыхьэти 10-м къыщыщIэдзауэ 13-м нэсыху Сыхьэт 14-м къыщыщIэдзауэ 17-м нэсыху
6.	ПIэужь Адэлбий Билал и къуэм Красножан Юрий Анатолий и къуэм	КъБР-м и Парламентым и депутат ЩIыпIэ самоуправленэм и Налшык къалэСоветым и депутат	2010 гъэм бадзэуэгъуэм и 14-м	Сыхьэти 10-м къыщыщIэдзауэ 13-м нэсыху Сыхьэт 14-м къыщыщIэдзауэ 17-м нэсыху
7.	Евтушенкэ Сергей Виктор и къуэм Хочуев Алий Токъан и къуэм	КъБР-м и Парламентым и депутат ЩIыпIэ самоуправленэм и Налшык къалэСоветым и депутат	2010 гъэм бадзэуэгъуэм и 19-м	Сыхьэти 10-м къыщыщIэдзауэ 13-м нэсыху Сыхьэт 14-м къыщыщIэдзауэ 17-м нэсыху
8.	Жамборэ Станислав Виктор и къуэм Улымбащ Борис Хьэсэн и къуэм	ЩIыпIэ самоуправленэм и Налшык къалэСоветым и депутат ЩIыпIэ самоуправленэм и Налшык къалэСоветым и депутат	2010 гъэм бадзэуэгъуэм и 20-м	Сыхьэти 10-м къыщыщIэдзауэ 13-м нэсыху Сыхьэт 14-м къыщыщIэдзауэ 17-м нэсыху
9.	Урысбий Хьэмидбий Хьэжмурид и къуэм Бесльэней Аслъэн Зулымбий и къуэм	КъБР-м и Парламентым и депутат КъБР-м и Парламентым и депутат	2010 гъэм бадзэуэгъуэм и 21-м	Сыхьэти 10-м къыщыщIэдзауэ 13-м нэсыху Сыхьэт 14-м къыщыщIэдзауэ 17-м нэсыху
10.	Хъущт Аслъэнбэч Виталий и къуэм Гелястанов Муслим Ахьмэт и къуэм	КъБР-м и Парламентым и депутат ЩIыпIэ самоуправленэм и Налшык къалэСоветым и депутат	2010 гъэм бадзэуэгъуэм и 26-м	Сыхьэти 10-м къыщыщIэдзауэ 13-м нэсыху Сыхьэт 14-м къыщыщIэдзауэ 17-м нэсыху
11.	Соблир Андемыркъан Iэбу и къуэм Балэ Аслъэнбий Мухьэмэд и къуэм	ЩIыпIэ самоуправленэм и Налшык къалэСоветым и депутат ЩIыпIэ самоуправленэм и Налшык къалэСоветым и депутат	2010 гъэм бадзэуэгъуэм и 27-м	Сыхьэти 10-м къыщыщIэдзауэ 13-м нэсыху Сыхьэт 14-м къыщыщIэдзауэ 17-м нэсыху
12.	ЛIыхъугу Хьэжмурид Хьэсэнбий и къуэм Iэщын Сергей Владимир и къуэм	КъБР-м и Парламентым и Аграрнэ политикэмкIэ и комитетым и унафэщI ЩIыпIэ самоуправленэм и Налшык къалэСоветым и депутат	2010 гъэм бадзэуэгъуэм и 28-м	Сыхьэти 10-м къыщыщIэдзауэ 13-м нэсыху Сыхьэт 14-м къыщыщIэдзауэ 17-м нэсыху

●Май куей

Лэжьыгъэм и етIуанэ Iыхьэр

Май районым и коммунальнэ Iэнатlэхэм бжьыхьэ-щIымахуэ зэманым еужьэрэкIыу зыхуагъэжьэщ. Куейм и «Домоуправленэ» ООО-м мы зэманым лэжьигъэ щхьэхуэхэр кьыщрехьэлIэ кьат куэдэ зэрет псэупIэхэм я щIыпIэхэм: псы кьызыдэж бжьамийхэр «ядыж», жьы хъуа пкъыгъуэхэр щIэкIэ зэрахъужкI, унэ щыхьэпIэхэм хэлъ щхьэгъубжэхэр зыхуей хуагъазэ. Коммунальнэ Iэнатlэм мы гъэмахуэм кьрибубыдэу унэ 48-рэ зыхуей хуигъэзэну кьыпIэ щыхьащи, а кьалэныр и чэзум кьызэрырихьэлIэнум зэфIэкIыу иIэр ирехьэлIэ. Лэжьыгъэхэм я етIуанэ Iыхьэр хуэунэтIауэ щытынущ электрокъарур зрикIу кIапсэхэр, псы кьызыпхьэлIэ I унащхьэхэр зэхъуэжьыным. Апхуэдэ унэу иджыпсту районым 15 итщ. У хуакIуэхэм зэрагъэбелджьыламкIэ, унэ къэс сомин 80 нэхъ мащIэ текIуэдэнукьым. ПсэупIэ хэр зэгъэпэщыжынымкIэ кьыдэкIуэу, «Домоуправленэ» ООО-м кьалэ уэрамхэм ящыщ щыиуэщу уэшхыпсыр зыдэлъэдэну кIэнауэхэр.

ЖАНХЪУЭТ Зуэз.

●Спорт хъыбархэр

Атлетикэ псынщIэ

Кучинэмрэ Исковскэмрэ я ехъулIныгъэ

Иджыблагъэ Владимир кьалэм щекIуэкIащ атлетикэ псынщIэмкIэ щIалэ, хьыджэбз цIыкIухэм я урысейпсо зэхьэзэхуэ. Абы ирихьэлIащ спорт смен 800-м щIигъу.

КЪЭБЭРДЕЙ-Балькъэрым и щIыхьэр зэхьэзэхуэм щихьащ Исковская Иринэ. Дискыр метр 40-кIэ идзри, абы зэпеуэм ятэ увыпIэр зыIэригъэхьащ.

НыбжьыщIэхэм я Олимп Джэгу ятэу зэхэтынум Чеботкарэхэм зыщIэзыхуэзэгъэхьэзыр Кучинэ Марие атлетикэ псынщIэмкIэ Урысейм и щIалэгъуалэ зэхьэзэхуэм щIалащ. Дэльеиныкмкlэ зэпеуэм абы кьыгъэльэщын кьахэжкIакъым (сантиметри 185-рэ) икIи ятэ увыпIэр зыIэригъэхьащ.

Дзюдо

«Гладиатор»-р Мадрид макIуэ

Мэзкуу и «Самбо-70» еджапIэ центрым мэкъуауэгъуэм и нужьрей махуэхэм щекIуэкIащ дзюдомкIэ европэ клубхэм я зэхьэзэхуэм и апэ Iыхьэр. Абы хэтащ команди: «Самбо-70» (Мэзкуу), «Гладиатор» (Налшык), «Kulubu» (Измир, Тырку).

ЗЭХЬЭЗЭХУЭХЭМ щыбэнахэр я хьэлъагъ елытауэ гупитхуу гуэшауэ щытащ. Ди командэм и бэнакIуэ нэхъ лъэщхэр «Тажышхуэ» зэпеуэм зэрыхэтынум кьыхэкIкIэ зэхьэзэхуэм иримыхьэлIэфами, мыдрейхэм фIы дыдэу зыкъагъэльэгъуащ. «Самбо-70»-м драгъэжьуэкIа зэIуцIэхэр зэрытемыгъэкIуэу иухащ, Тыркум кьикIа командэм шэч кьызытумыкьхэн текIуэнигъэ кьыфIахьащ.

Апхуэдэу мэзкуу дэсхэмрэ «Гладиатор»-м и гъэсэнхэмрэ хэтынущ Мадрид куэд дэмыкIыу щекIуэкIыну кьыкIэлъыкIуэ зэпеуэ Iыхьэм.

Кьэбэрдей-Балькъэрым и щIыхьэр зэхьэзэхуэм щахъумащ Бекъул Роман (кг 66-рэ), Мэремыкьуэ Азэмэт (кг 73), Щад Мурат (кг 90), УнэшхуэлI Аслъэн, Хьурсин Артур, Кьамбий Аслъэн (щыри кг 90-м щегъу).

Ди щIалэхэр егъаз УФ-м щыхь зиIэ и тренер Ёмкьуж Мухьэмэд.

Кикбоксинг

Бахъсэн Рэмэзан и дыжьын медаль

Таганрог щекIуэкIащ кикбоксингымкIэ Урысейм и зэхьэзэхуэр чемпионтрэ. Абы хэтащ спортсмен 300-м щигъу. Къэбэрдей-Балькъэрым и щIэкIэ зэхьэзэхуэм щIалиш щыбэнащ.

КИЛОГРАММ 75-рэ зи хьэлъагъэм я пупыр щыбанэ Бахъсэн Рэмэзан зэхьэзэхуэм дыжьын медальр кьащIащ. А хьэлъагъ дыдэм щыбэна Бетыгъуэн Аслъэнрэ кг 63-рэ зи хьэлъагъ Кьарэмыкъуэ Аслъэнрэ медальшэу кьэнащ, ди жагъуэ зэрэхъунщи.

ЖЫЛАСЭ Замир.

●Гу зылъытапхъэ

Гъавэр мафIэм щыфхъумэ!

Республикэм и мэкъумэщIыпIэхэм я дежкIэ мыхьэнэшхуэ зиIэ зэманыр - гъавэ Iуахжьыгъуэр - къэсащ. Ар хэщI имыIэу кьехьолIэжауэ, гъавэ хъуманIэхэм ешхлIэным, псом хэмыдру мафIэсым щыпсэуным гульытэ хэха хуэщIыпхъэщ.

ГЪАВЭР кьехьолIэжьным сыт и лъэныкъуэкIи хуэхьэзыр предприятэхэр куэд хуэрокъым. Абыхэм ящыщу Прохладнэ куейм и мэкъумэш хозяйствэ Iуэхущапlэхэр. Гъавэ Iуахжьыгъуэм и пэ кьихуэу, а Iуэхур зэфIэзыхьну ирагъэбыдыпlа я лжьакIуэхэм мафIэсым зыщыкьумэным теухуауэ епсолъащ, я техникэр зыхуей Iэмэпсымэхэм кIэ кьызэрызэгъэпэщар кьапщытащ, гъавэр кьыщрахьлIажьну губгъуэхэм, хуей хьумэ, кьагъэсэбэпыну пхъэIэщэ зыпыщIа тракторхэмрэ псы зэрыт автоцистернэхэмрэ рэ щагъэуващ.

- Ди жагъуэ зэрыхъущи, мы псор кьызыдэмкIуэху унафэщIхэр щыIэщ. МафIэс кьохьлу хьужькьхуэмэ, япэу уэхуейнчу Iэмэпсымэхэмкlэ кьызэрызэмыгъэпэщам тегъэщапlэ хуащI гъавэр мауитI-щым Iуахьжьыну, техникэр лъапIэу зыщыкьумэным теухуауэ епсолъащ, я техникэр зыхуей Iэмэпсымэхэм кIэ кьызэрызэгъэпэщар кьапщытащ, гъавэр кьыщрахьлIажьну губгъуэхэм, хуей хьумэ, кьагъэсэбэпыну пхъэIэщэ зыпыщIа тракторхэмрэ псы зэрыт автоцистернэхэмрэ рэ щагъэуващ.

Сакъын хуэдэ, Тхьэсэн, Тхьэ куейхэм щыIэ хозяйствэхэм я нэхъыбэм я унафэщIхэр апхуэдэущ а Iуэхум зэрыхуищытыр. Фигу кьэдгъэкIыжьынщи, нэгъабэ а районхэм я хозяйствэхэм кьыщыхьуа мафIэхэм бэджэндыдрылажьэхэм хэщIыныгъэшхэу яритащ. Бахъсэн куейм хьыхьэ Кьубэ-Тэбэ кьуажэм гуэдз гектар 50 мафIэм щисаугъэ щытащ, Теркескэ жьдагъуэм - хьэщэпэщэ гектар 30 Iисраф щыхьуащ, - жеIэ Налшык къалэм мафIэсым кIэлыплъынымкIэ щыIэ кьудамэм и унафэщI Борисов Вячеслав.

Сакъын хуэдэ, Гъавэ Iухьжьыгъэм ирихьэлIэу ар зытещIа губгъуэр метри 4 и бгъуагъэ кьэвыхьын, гектар 50 мынэхъыбэу, я кур метри 8 и бгъуагъыу дэхькIауэ, зэпыудын хуейщ. Гъавэ кьехьолIэжьным ирагъэбыдыпlа техникэхэр мафIэсгъэункIыфI Iэмэпсымэхэмкlэ, нэгъэущIу зыхуеинухэмкlэ зэпэщу щыгъэтыпхьэщ.

Гъавэр хэщIынигъэнпэу кьехьолIэжьным, ар мафIэсым щыхьумэныр мэкъумэш хозяйствэм и лэжьакIуэ псоми я кьалэнщ.

УЭРДОКЪУЭ Инал.

Адэжь щІыналъэм сотхыр и сурэтхэр

Хэхэс гъащІэм и джакІуэ

ХУДОЖЕСТВЭ тхыгъэр, ар усэу е прозэу щрети, зейр ар зытхар къыдыхэкІа лъэпкъра хьэмэрэ зэритха бзэр зеэныкьэра?

Мы упщІэм куэд егъэпІейтей, псом хуэмыдэжу - адыгэхэр. Гулъэфыншэу кІэрахьуэ зэман шэрхъым щІы хъуреишхуэм и планэпэ зэмылІэужьыгъуэхэм дишэурэ, хэхэс гъащІэр натІэ зыхуищІа адыгэхэм лъэпкъ зэмылІэужьыгъуэхэм ядэпсэун, зыдрагъэкІун хуейуэ къахудэкІащ. Лъапсэжьым кьина адыгэ мащІэхэм тхыбзэ зэфІэдгъэувэн, ди бзэкІэ тха литературэ зэдгъэпщынагъэхэм, ацхуэдэ Іэмал ямыІэу, нэгъуэщІ лъэпкъхэм яхэсу кьэрал зэмылІэужьыгъуэхэм щыпсэу адыгэхэми кьэхокІ проз, усэ тхыным хуэІэрыхуэхэр, ар мыбзаджэу, уеблэмэ фІы дыдэу ябгъэхьулІэхэр, щыпсэу кьэралхэм цІэрыІуэ щыкъуэхэр. Апхуэдэхэр зэрытхэну яІэ Іэмалыр зыхэс, ди бзэ кьащта лъэпкъым и бзэращ, абыкІэ ятхам кьеджафынури а кьэралым щыпсэу хэмрэ адыгэ хэхэсхэмрэщ. Ауэ, шэм хэмылъу, тхыгъэр зи Іэдакъэщэкіыр хуейт дзнэ хэку щыпсэу адыгэри абы кьеджафыну, сыту жьпІэмэ апхуэдэхэм я тхыгъэр нэхъыбэу зытеухуэри зыхуатхри езыхэм хуэдзу хэхэсыныр натІэ яхуэхъуауэ хэгъуэгу куэдым щыпсэу адыгэхэрщ.

Абы кьыхэкІыи, абыхэм ятхахэр зейм - ар зэрытха бзэр зеэныкьэ лъэпкъра хьэмэрэ адыгэра - теухуа псалъэмакъ кьыщІэлъэтэн деж, сэ си щхьэкІэ жыслэр мыращ: апхуэдэ тхакІуэр щыпсэу кьэрал, зэрытхэр бзэ ёмылъытауэ, абы итхаэр зейр ар зытриухуа лъэпкъыщ икІи сухужьІэнущ кьэрал зэмылІэужьыгъуэхэм щыпсэу адыгэ тхакІуэ, усакІуэхэм я Іэдакъэщэкіхэм адыгэ литературэкІэ деджэ хьуну.

АтІэ, а адыгэ литературэр адыгэ псомиз я деж нэпхъэсын папщІэ, ар адыгэхэм я пащхьэ илъхьэн хуейщ кьыззреджэфыну бзэмкІэ.

Абы и лъэныкъуэкІэ хьэрыпыбзэкІэ тхэхэм я Іуэхур нэхъ тиншщ, адыгэ хэхэсхэм я нэхьыбэр щыпсэу кьэралхэм щызекІуэр а бзэращи. ЩыІэщ инджылызыбзэкІэ тхэхэри. Абыхэми я Іуэху іейкъым - хьэрып кьэрал куэдым а бзэри фІыуэ щадж, щызекІуэ.

Хэхэс адыгэ тхакІуэ, усакІуэхэм нэхъ япэІэщІэр дэращ,зи хэку-жьым кьинэжа адыгэхэрщ. Ди дежь хьэрыпыбзэри инджылызыбзэри абыхэм я деж хуэдэу зыубгъуауэ щызекІуэркъыми, нэгъуэщІыбзэкІэ тха адыгэ литературэм дыкьеджэфын папщІэ, ар адыгэбзэкІэ зэдзэкІуэ дилэн хуейщ.

Зи гугъу сщІа адыгэ усакІуэхэм ящыщщ Иорданым щыпсэу кьэралъхуа, щыпсэуа Кьат Фейсал.

Кьат Фейсал Хьисэ и къуэр 1943 гъэм гъатхэпэм и 25-м Иорданым щыщ Нахьур кьуажэм (иужькІэ кьалэ хьуам) кьыщалъхуащ. ЕджапІэм класси 9 кьыщиухащ. Иордан телевиденэм щыпсэжьащ декоратору, администратору. ИтІанэ джэд гъэхуным зритри, а Іуэхум илъэс 15-кІэ пэрытащ. Сыт хуэдэ Іэнатіэ ирихьэкІами, дэнэ щыІами, Фейсал и гупсысэ нэхъыщхьэ дыдэу гъащІэм кьыщыдекІуэкІар и зэкъужьырщ. Кавказым иІэпхъукІауэ щытар Фейсал и адэшхуэ Кьат Екъубщ, ар кьыщалъхуар сэрыщымыІэр, дуней псом и щыпІэ зэмылІэужьыгъуэхэм щыпсэу адыгэ хэхэсхэм я гупсысэр, гъаІущэм хуаІэ еплъыкІэр кьызытепщІыкІыжри арауэ зэрыщытыр.

Кьат Фейсал гъащІэ мащІэт - ар илъэс 66-рэщ зэрыпсэуар, 2009 гъэм щІышылэм и 26-м дунейм ехыжащ. Фейсал псоуу и тхыльэ щхьэхуэ дунейм кьытехьакъым. И усэхэр кьытрадзэрт иордан газетхэмрэ журналхэмрэ, Адыгэ ФІыщІэ Хасэм кьыдигъэжІ «Аль-Уэхьэ» («Гуэл»), «Нарт» журналхэм. УсакІуэр дунейм ехыжа нэужь, и ныбжьэгъухэм абы и Іэрыкіхэр зэхуаихьэсри, «Си Іэпкъльэпкъым хэль сэшхуэхэр» зыфІаща тхылъыр кьыдагъэкІащ. ЖьІэпхъэщ Кьатыр Иорданым щыпсэу усакІуэ кьызэрилытэр. Абы и щхьэусыгъуэри Фейсал хьэрыпыбзэкІэ тхэуэ зэрыщытам и закъуэу кьыщІэкІынукъым. Кьатым итхаэр ягу иримыхьу щытамэ, хьэрыпхэм апхуэдэу жаІэнтэкъым. ТхакІуэм и Іэрыттхэм яхэтщ пасэрей кьэрып усэ гъэпсыкІэм итхэри, иджырей усэ гъэпсыкІэхэу «верлибр», «усэ хужь» жыхуаІэ жыпхъэм игъэувахэри. Ауэ нобэ фи пащхьэ итлъхьэхэр дэ нэхъ дыдэса, нэхъ гурыІуэгъуафІэ тщыхьу усэ гъэпсыкІэу кІэух рифмэхэмкІэ зэгъэкІуам тету къэІуэтэжьыным нэхъ тёдгъэщІащ. АтІэми, нэхъыщхьэр усэр зэрытха гъэпсыкІэр аракъым, абы кьызэщІиІэтэф гурыщІэраци, Кьат Фейсал и усэхэм щыушэ гурыщІэр кІэрыхьу ямыІэу ди нобэрей адыгэбзэм кьызэридгъэтІэсэным дыхущІэкъуащ.

УЭРЭЗЕЙ Афлик, *усакІуэ.*



Усакіуэ Кьат Фейсал
(1943 - 2009 гъэ.)

КЪАТ Фейсал и тхыгъэхэр

Кьат Фейсал и тхылъым и жинтыр.

Даущыншагъэм и хэкІыпІэхэр

* * *

Пшахъуэм сыпхокІыр,
Согъаз Кавказымкіэ.
ЩхъуантІагъэм и зы бжэ Іуэох.
Сэ бжэхэм сащошынэ,
Іусхахэр зэхуэощыжкри,
Си щІыбагъ кьыдзынэ.

* * *

Гъуджэм щос бдзэжьей,
Зы щыни щоІуей.
Удз гъэгъа кьыщричыну губгъуэм,
Зы сабин гуфІэжу щопхъуэ.

* * *

Псы щхьэфэм трищІыхьа гъуэтъыпІэм
Адыгэр щогъуэтыжьыр,
Пльэуэ, пэпльэу кьуэкІыпІэм
КьыщищІынкІэ хьуну щхьэмыжьым.

* * *

Гуауэр гъуджэщ,
КІыфІыр ипльэуэ жэщкІэ,
Дыгъэм и бзийхэр хунжьыну
ПщэдджьжьыкІыр кьыдзІэбыкІыу.

* * *

Жьгщ фІыгъажьыгъэр,
Бзур уэрэдкІэ щыушэу,
Бзур хэжеям, кьнгъэуну,
И щхьэкІэмк кьыщыгъыу жьыбгъэр.

* * *

Си гум илъщи зы мыІэрысэ,
И жьлэр кІэнпэу кьокІыкІ.
ФІыгъажьыгъэм и сэм
МыІэрысэр зэгуеупщІыкІ.

* * *

Дн гъащІэр зэманым
Пшахъуэ сыкъэзгу ящощэщ.
ЮкІ пъэхъэнэр, ЮкІрк пІалъэр,
Ухыгъэм кьехусыр и пъэр.

* * *

Дыуэршэру дыщысщ,
Псалъэу кьытІурыпъэтыр
Жьжьэ тхуэзмыгъэсу,
Кьосыкри, дэрщ зытелъалъэр...

* * *

Бзу нэф итІысхьащ
Жьг кугъуанэм.
Нэху зэрыщу,
Кьэпльэжьынущ абы и нэр.

* * *

Сабий пэлъытэщ зэманыр,
Зыгуэрэр тритхэу щІым и псэм,
ЩІыхьІбжьэм ещхьу зэрихьэу лъэхъэнэр,
Пхрожьр ди гум и кьуэпсым.

* * *

Си хъуреягькІэ щыдым щымагъым
КьысхуегъэжьІыжьыр си гум,
Бжьамийм щигъаджэкІэ кьугъыр,
Зыгуэрым яфІеубыд уанэгур.

* * *

Сыт кьыхэсхынур,
Дауэ абы сэ сахэдэн?
Пхуэсщіа лъагъуныгъэмрэ
Псым и уэршэр макъымрэ
Дауэ зэхуэзгъэдэн?

* * *

Нэм кьнплъыхь щІым и нэзымрэ
Си унэм хэль щхьэгъубжэмрэ
Я зэхуакум итщ лъахэ унэр,
Жьг кьудамэншэм хуэдэу пщІанэу.

* * *

Псалъэм ипльхьэнми лъахъэ,
Псэм кьытепхынми гъащІэр
Зэрагъэхь щыІэу сымыщІэ.
Азэн джапІэ ящІамэ щихур,
Жьыбгъэрщ джакІуэ хуэхъунур цІыхум.

* * *

ЩІым иІэщ гъунплІ.
Гъэм - лъэхъэнплІ.
ФІыгъагъуныгъэм иІэр зы лъэхъэнэщ -
Гъатхэр кьыльэзгъэсыну ун нэм?

* * *

Жьым хэджэгухь жьгхэм
Сыхурагъаджэ
Хуэсакъын зэрыхуейм
Хабзэм, гъуджэм.

* * *

Шыльэгу зэдэжэм, даущыншагъэм
Щаубыдам и деж уанэгур,
Зыкъузогъапщкіуэри тхылъымпІэ кьуагъым,
Сэ кьэзгъэщІ псалъэхэм садоджэгур.

* * *

Си мыхьэлами сыкъытекІыу пэжым,
ПщІым сищІащ гуауэр кьызыдэпщ
щхьэгъубжэ.

* * *

СоупщІыр кІэншэу хьэуам, псым:
Фэ тІум фи закъуэ щІыхур зыгъэпсэур?

* * *

Блынхэм дазэрыжьэхэуэу,
ПщІыхьэпІэр кьоуэльэж.
ПщІы дигъэльэгъуар игу кьеуэу,
Жьыбгъэм мэшэсри, зегъэкІуэдыж.

* * *

ЛъаганІэ-плъанІэм
Кьыхэсхьыжьыр бжьыхьэ кІасэм
Бзу лъэтэжьхэм ящыгъуу хуабанІэм
Згъэльэтэуэ щыта уэрэд кьуэпсыр.

* * *

Щыму щыт блыным
Си гугъащ сельэну,
Ауэ сыкІуэщІрохур,
КІыфІыгъэм сыхэхуэу.





* * *

Кьысхуэвгъэгъу, удзхэу
Кьыщыкіым сигу лъащІэм,
Кьысхуэгъэгъу, гъуэгуанэ, схудэзыдзыхыу
Лъэхъэнэр схуэзыгъэкІэщІыж.

* * *

Ямэ лъэбакъуэр сэзыгъэча цІыхубзыщ
Бзум и бзэрабзэр,
Ушхым и зэрылъэтыр
Анэдэлъхубзэу си лъым хэзыгъэтыр.

* * *

Гугъэ мащІэ,
Уэм щыщ Іэмыщ1э
Шхэпсу кьызэпттэм,
Сшхэжьынут лъагъуныгъэ тфІэкъутэр.

* * *

Си блэкІам и кІапэлтапхэр
Іэгухэм щакъуэу Іэпэхэм,
Пшахъуэ Іувым сыкъыхэпщыжьым,
Гъуэгуанэ жьапщэм сегъэжэбзэжьыр.

* * *

Жэщым и бжэ дазэм
Кьысхудэплъ мазэу,
Нэхулъэр зи епэрымэм
Кьынгъэуш удз Іэрамэу,
Псыхъуэм и гукъеуэ щэхур
Хуэзыкъуэ щихуу
ФІыуэ узолъагъур.

* * *

Гур здынэмплъыысым адэжкІэ щыІэу
Зыми кьымыгъагъуфым щыхэтІа сэхым,
Нэху иалъэ кІапсэр кьеешІри и Іэр,
Сэ сымыщІыхум быдэу срепхыр.
Нэху иалъэ кІапсэр щыІэпычыжьым,
Занщ1эу мы си гум уэ укъокІыжьыр...

* * *

Зэгуэрым тхылъымпІэ псыпсым
Кьыхэсщыкіауэ щыта бзу
Си гукъэкІыжхэм щопсэурн,
Я псысэм симыгъэпІащІэу
Наіуэ кьысщещІыр -
Гугъэми Іугъуэми яІэщ чэзу.

Дыгъэм и псынэхэр

Щхьэгъубжэм,
Блыным,
Уэшх Іуданэм
Жейбащхьуэу хэпльэ ун нэм
ЖиІащ:
«Си закъуэу сыкъыумыгъанэ!
Уэрынщамэ,
Сыдамэнщэ бзущ,
Ун гъаГъунытъэм, Мейкъуапэ,
Сабий псэ кьабзэу
Гъащ1эр сщегъэхъур гуапэ.
Сытошыныхь мыІэрысэу
Зыгуэрым кьынхиІуным и сэр.
Си бгъэм щысхъумэр ун щэхущ,
Кьызитыжыну гупсэху».
ЖиІащ: «Дауэ укъэзгъэнэн,
Си гум жиІэмрэ тенджыз Іуфэм
и ныджэ-гъуджэ
Псори кьызэрыщымрэ
Си псэм щызэфІащІащ лэгъупыІэмпІэ.
Си тхылъри ящІащ зекІуапІэ».
Хым уекІуалІэри хуэпІуэтащ
Гугъу сызэрехьыр.



Сурэтхэр **ПАЩТЫ Герман** *ищІащ.*

Си махуэхэр зэрыстхэ тхылъ

Си гукъеуэр щІопхъуэ сабий пщІанэу,
ПсыкІэ щрикъуам и деж удз цІынэр,
СыщІимыгъэхьэу, хуещІыж и бжэр унэм.
Набгъэщ,
Жэщкіэ потІыхсхьэ жыг щхьэкІэм,
КІыфІыгъэм
Хэсщ, тхьэмпэхэр кьыпибжьыкІыу,
Псы утхъуар щызэхуехьэсри жыг лъабжьэм,
Си тхыгъэм кьыхеутхэ, игъэткІыбжьу.
Си махуэхэр зэрыстхэ тхылъыр
ЩэІу макъыр кьызытещ гъуджэщи,
Си пщІыхьхьэм кьыщищ ІыкІэпІъыр
Махуэ кьэкІуэнум йоджэри,
ПыкІ-пыхьэ защІэу и фэр
Тхьэмыщ1кІэм яхэсщ, шей ядефэу.

Дэнэ ущыхэта?

Тхьэ зэхуэтІуат ди пльанІэу,
МафІэсым щытхъумэныр лъагъунытъэр.
Дыгъэпсым и кьыщІэжьпІэр
Едмыгъэсеину жьыбгъэм,
Ахэр псэ мыгъэщхьэрыуэу
Кьетхъэкіыну сытым щыгъун дыуэу.
Иджыпсту сыщизакъуэу си гуауэм,
СыноупщІыр: - Мыр дауэ,
Дэнэ укъэкІа?
Псыхъун уащхъун, быдапІи
Кьыззбнэкіыну пльэкІа?
Альандэмэн дэнэ ущыхэтар-
Тхыдэ бгынэжам и щІыбагъым укъыдэта?

МафІэм кьыпыхуа мазэ

Гугъущ укъеджэну уи закъуэу
Жьгхэм зэхалъхьэ таурыхъым,
Тхыдэм и гъуэгу быркъуэщыркъуэм
Щыззрихъэж бэджьхъым.
Дыгъэм кьнгъаблэ гъуэгум,
ЗыбгъэпІу, кьнбгъэкІыу бгъэгур,
Кьыщыплъыхьэуэну гъуджэ, блын,
Пльэкіми, ухуеймэ, нэпсыр къебгъэблын,
Жьапщэ кьнуам ущхьэдэхын,
Зыхьуымыхьжьым уи гум и кьеуэкІэр,
Умыльтаегъужу щыІэр уэшхым адэкІэ,
Укъэнэжьнущ уи закъуэ дыдэу.
Сыщыхьамэ гуауэм и мэзым,
Солъагъур кьыпыхууэ мазэм,
Адыгэу кьнхутам хамэщІым,
НэгъуэщІ жьэгум мафІэ щІызыхащІэу.
Солъагъу а мафІэр сэ нэхъ уэру
Зэщ1ипгъэсту лъагъунытъэ нурым.
Кьыдоиі щхьэгъубжэм мафІэ нэхур,
Гъэр сищІрэ, кІыфІым хэту сихуу.
Жьапщэм, гум телъ уІэгъэжьым
Сахьыр къэмыувыІэу, срахужьэ,
Къэслъхьэуэу уи нитІыр,
Фоупс защІэ уи Інтіыр.
Си ажалыр зыхэпІ ыныбгым
Сыхуеіэу,сокІуэ жэщыбгым.
Гум ибэмпІыхь даущым
Сыкъыхэкіыу, бзум сыдэушэу
Уэрэд жысІэну сыхуожьэ,
СхуэзщІэмыхми си жьэр.
Соглъыхъуэр гъэгъа, кІэрылъу сабинлъ,
Пэхущ Іэятхэр зратха тхылъ,
И щхьэгъубжэм пасэрейм
Кьызыдидзу щыгум
Дыгъэ бзий,
Зэгуэрым, аддэ щыгъуэ, пасэм
Щытауэ дыгъэ кьыдэпсэу.
Сигу кьонІыж:
ЩІхьэмыж кьэзгъэкІам, дыгъэм кьыхуеІэу,
КьызэтъэІуурэ, мыр кьызжиІэу:
Псыжь Іуфэ щикІыкІа кьамыл
гуэрэным сышэ -
Зым сипщэнщ, мафІэр уникІыфІыху,
Хэхэс гъыбзэр уи нитІым щІэзгъэху,
ФІыгъагъунытъэкІэ згъэкІа санэм
И сурэтыр тезгъатхэ ун нэм!
Жэщ псалъэмакъыр пшынатъэу
ЩызэхауХуанэ хьэщІэщ!
Мэ гуауэ Іэфіэ кІэнплъэлъэу,
Насыпыр щыхашэ жэщ!
Псэ щэхур зи тІысыпІэ бзу,
Кьэлъатэ, кьызжеІэ, кьэса и чэзур
Мы кьалэхэр, ятІэ унэхэр кьыщызгъэзунэм,
Блэкіам жьэрымэ щыхуэзгъэунум?
Зэпнуду хьэ щэхурыпхъуэм и пщІыхьыр,
Кьисхуиныжьу ЛъэпкъыІм и щІыхьыр,
Нэху сыкъэкІмэ, щыгъуэу нэхуЛъэм
Кьэслъагъуну кьэкІуэнум и теплъэр?!



Гуауэм и хытІыгу

* * *

Жьжьэщ хы Іуфэ ныджэр,
Гуауэм хы тхъэрыкъуэм и нэ джыджым
Хунту сыкъыщІэжьр.
Пшагъуэми зигъэпшэжІухьу,
Жьигхэм затрешыхьыр.

* * *

Мейкъуапэ унэмысыпэу,
Удзи щымыкІыж хуейм,
Іуащхьэжьу псэр щыпІейтейм
Кьыщыфэрт жьыр и фІэщыпэу,
Зищ1у зэм гъуэжькуни,
Зэм кьабзий.

* * *

Усэу кьыззэрыльэлъу,
Дэнэ кьикІыну псалъэр,
Гур исмэ лъэхъуэщым пэзаззу,
Бжэми етамэ ІункІыбзэ?

* * *

Псыежэхыр мэгубжьыр,
Епэжьауэу Іуфэхэм ткІыбжьу,
Иоуікіурнехри ар щхьэзыфІэфІу,
СыкъыззэщІегъаплъэр мафІэу.
Уэгу щхьэуантІэ хунтым
Іуданэкіэ щызэрыхъэ пщІыхьым,
И куэщІым тыншу итІысхэу
Зэхитлъхьэну щІэхъуэпсу псысэ,
Схуэмыубыду мэльатэ си псэр.

* * *

Жьгъейри къогауэфрынущ,
Уіунішэу щыхупІэ нэзым.
УпыІуншрэ дыгъэ бзий нурым,
Хунішэу кІыфІыгъэм и мэзым.
ФІыгъагъунытъэм и псалъэмри
ЩІелъхьэфыр уІэгъэ теплъэ.

* * *

Кьэбжьыхьыныр утесу жьым,
КьафІэбгъэщІыныр
Ун гъуджэм
Кьнщу телъыджэ,
ПлъэмыкІынур кьыжьэдэкІыу ун жьэм,
Кьалэ ятІэхэм я курыкупсэм
ЩыпщІа щымыгъэ абгъэуэм унсыныр,
Ухыгъэ кьэблагъэм,
Псэхэх кьудамэу жыгхэм
Зезыщыхьэкі ажалым я нэщэнэщ.

* * *

Гугъэм бгъэдэсу,
Гу ираубыдам абджьыпсым
Лъагъунытъэр кьыщоуш.
Бзур кьыдэдгъэльэтэну
Зэрыутхыу щхьэгъубжэр,
Жьым зыкьыщІидзэпчуф -
Кьыдджьэу щытащ ар куэдрэ абдежьм.

* * *

Зи пэр кІыфІыгъэу
Зи пІэр хьэдагъэ,
Гъуэгумыгъуэм дытезышэну гъуэгуанэр
Сотх, дыгъэпскІэ зэпысщІэурэ нэрынэу.

* * *

Губгъуэ тафэм
Щысщіу хэтІэ-хэсэ,
Сыкъэфэным щхьэкІэ ислъэмей,
Си бзу тезгъэхьар гъуэгуанэ
Кьыззрыкіуэжьнур унэм
Си фІэщ хъуным щІэзкІэ,
Даущым хэсІэ-хэссэу
Ислъэмей
Сыкъыдэфэфыну зызогъасэ.

* * *

Ирагъэблэгъащи хьэщІапІэ,
Йожьэ си гур.
Здищтауэ гъуэгум
Шихухэм
Я щхьухэр,
Гукъеуэр ирИуащІэу
Зы ятІэ Іэмыщ1э.

* * *

Узым, гуджэ зэблэшам я щІыбагъым
Кьыззрыдэтыр дыгъэр
Ещ1эр фІы дыдэу
Тхыдэм.

* * *

Сызыпхьапльэ абджьыпсым
Бзу гупышхуэ щокІий,
Жьы кьещщам и гъужькуним
Зыхагъэпщкіуэжьурэ я псэм.

* * *

Псыежэхыу сыдокІуэкІыр гъащІэм:
Зызоущхэур, сыщІыгъуэ пшахъуэщІым,
Кьэслъагъухун гуфІэгъуэм и кІэр,
Блэкіам и банэр кьысхеукІэр.

* * *

Зыгуэрым сежьэу,
Сыщ1этщ щхьэгъубжэ лъабжьэм,
Сотхыр я сурэтхэр:
Адэжь лъахэм,
ФІыгъагъунытъэм,
Вагъуэу кьытхуэзыхьым ухыгъэр.

* * *

Сыгъыу гукъеуэр зыкІуэщІылъ мыІэрысэ,
Кьыщ1эжу гуапагъэм и псыр,
Кьыспыжу гуауэм и пщІэнтІэпсыр,
Сыхуокіуэ щхьэгъубжэІупІэм
И щІыбкІэ кьыдэт кьэфапІэм.

* * *

Гукъэкіыжхэр пщІанэу зыхъуэ
Гуауэр зэн мыщхьэукъуэ.
Ди зэманым иригъэщэщ пшахъуэр,
Зыгъэнсэхун хуэмыныкъуэ.
ЩІелъафэ псори кьэгъаззнщэу,
Иримыкъужу хышхуэ щІэншэм.

Зэзыдзэкіар
КЪАЛМЫКЪ Аднанрэ
УЭРЭЗЕЙ Афликрэщ.

● ФщIэуэ пIэр?

Ливием щыпсэу адыгэхэр

ТХЫДЭР зыхъумэ тхылыжьхэм кьибГэунущ ильэс мин и пэкIэ адыгэр Ливие щыналъэм щылаУэ. Абы хэм я лъэр нэсауэ щытащ Африкэ Iщхьэрэм, хы Хужь курытым и Iуфэ щыналъэм. Ар ауэ абыхэм ящыщ а щыпIэм кьинэжауэ тхылъхэм кьибГэуэтэркым, ар къэзыхутэн тхыдэтх а лъэхъэнэм щылакъыми.

Адыгэр етIуанэу Ливием къыщых уящ Уэсмэн империем и иужьрей лъэхъэнэхэм, XVIII-XIX лIэщыгъуэхэм. Тхылъхэм зэритмкIэ, ахэр нэхъыбэу къызэкIар Гыркуращ. Абы щыгъуэм Ливиер Уэсмэн империем и зы щыналъэт.

Иджырей Ливием и Мысратэ кьалэрщ адыгэхэр щыпсэуар. Ахэр Ливием ис хьэрыпIлакъуэ нэхъ льэщхэм, нэхъ инхэм хабжэ. Цыхуэ мини 10-м нэблагъэ адыгэхэм я бжыгъэкIэ етIуанэ увыпIэр щаубыд Ливием, зэрыс щыпIэмэ «Шэрдкэс куейкIэ» йодж. КьищынэмыщIауэ, нэгъуэщI щыпIэхэми хэпхъаУэ щопсэу, Бенгази кьалэм зыкъом дэсщ.

Ливием щыпсэу адыгэхэм я нэхъыбэр сату Iуэхум пылъщ, кьэралым емыпхэ Iэнатlэ хуитхэм нэхъ зратащ. Жыпlэнурекъ, Мысратэ кьалэ удыхьамэ, уэрамкэм дэт тыкуэнхэм тетхауэ урохьэлIэ шэрджэс унэцIэм, тыкуэныр зейм и цIэри пытыж у. Я бэзэр трэзэу яхуэмыгъэшэрыуэми, адыгэ хабзэр яIэщIэхуами, я гъэрхэм щымыгъуаэзми, «ухьэрыпщ» яжеепIэ ядэнукъым, адыгэу залъытэкри. Адыгэгу зэракIуэцIылъым и щыхьэтщ Бенгази кьалэдэс адыгэхэм Адыгэ Фыщlэ Хасэ кьыззэрыззэрагъэпэщар. Абы и кьалэн нэхъыщхьэхэм ящыщщ дуней псом щыкъуныа адыгэхэм запыщIэныр.

Ливием щыпсэу ди къуэшхэм я льэпкъ дамыгъэр я Iэщыбым традзэрт, абыкIэ зэрыадыгэр, кьызыхэкIа лакъуэр кьраГъэльаГъ уэу. А хабзэр пасэрейхэм кьащIэнауэ Хэкум здрахами здэкIуам кьыщагупсысами тщIэркъым. Абыхэм адыгэ шхыныгъуэ гуэрхэр я унагъуэхэм щапщэфI. Псальэм папщIэ, хьэлIамэ ящI, гуэдз хьэжыгъэм кьыхащIыкIыу.

XVIII лIэщыгъуэм и кIэухым - XIX лIэщыгъуэм и пэщIэдзэм Хуэзэу иджырей Ливием и кьэралыгъуэр ухуэным хэлIыфIыхьащ ди льэпкъэгъу зыбжанэ. Абыхэм къулыкъушхуэхэр я пщэ дэлъащ.

Ливием щекIуэкIа льэпкъ зэщIэхъееныгъэм и пашэу щытащ **Кьул Мухьтар-Бэч** Италиер Ливием кьышытеуам Кьулыр ильэс 35-рэ хьууэ арат. Ар бийм япэ у япэщIэ-вахэм яхэтащ, хэку хуэхъуа Ливиер ядихьымэну. Щалэт, гьэсат, джат, зэпIэзэрытти и гъэсэхэм дзыхь кьыхуащырт, гъэсэхэм дзыхь кьыхуащырт, и чэнджэщхэми кьыщIэдзырт. Революцэм и пашэу щытащ ар, икIи льэкIащ италянхэр щыналъэм ирихухьыну. Жылапхьщ Мухьтар Ливием кьыщыхьу политикэ зэщIэхъееныгъэ псоми я пашэу зэрыщытар. Абы кьыдэкIуэуи, Кьулращ Ливиер пащтыхьыпIэ ухуэкIэм кьытриту республикэ хабзэхэм хуэзышар. РеспубликэщIэм и тхьамадзу щытыныр зыхуаГъэфэщар адыгэ щIалэрат. аршьэкIэ езым идакьым, Ливиер зезыхьэм хуейр а кьэралыгъуэм и цIыхухэм ящыщ, жиIэри. 1919 гъэм республикэщIэм и унафэр зыIэщIэ цIыхуйм ящыщ зыт Кьул Мухьтар. Араш Ливием и «Лъаэ» партыр кьыззэзыгъэпэщар, япэу газет кьыдэзыгъэкIар.

Кьулыр ерыщу зрпэщIтащ Ливиер зауэм хэзыдзэну, лъэпкъэр зэщызыгъэлёну зи мурадхэм. Псэмыблэжу кьэралым зэрыхуэлажьэм папщIэ сультIан Мухьэмэд ЕтIуанэм «Лъыхуэж» дамыгъэр кьыхуигъэфэщауэ щытащ.

Кьул Мухьтар и ныбжьыр ильэс 70 ирикъуауэ 1947 гъэм щыщылъэм и 20-м дуней ехьажри, Каир щыщIалъхьэжащ.

И лIыгъэкIэ щхьэкIуэ, политик Iэзэу Ливием щыпсэуа адыгэхэм ящыщщ **Орбай Хьусен Рэлуф**. Ар Ливием и кьалащхьэ Триполи кьыщалъхуар, Диниз кьалэ дэт еджапIэ нэхъыщхьэм зауэ хуэIухуэщIэхэм щыхуеджащ. Абы и щIэныгъэм щыхигъэхъуащ Америкэм, Инджылызым, Германием.

И хуитыныгъэм щIэбзэну Ливием иригъэкIуэкIа зауэхэм хэтащ Орбай Хьусен-Рэлуфи. Мис абы щыIэрихьа лIыхъужьыгъэщ - лIыдэкым и кхуэ-хьыдзэр зэрыцэтрикъуатэщ - абы и цIэр зыгъэIуар. А зауэ гуащIэм лIыгъэ иIэу кьыхэхкIыжу Триполи щыдыхьэжам, кьэлэдзс псори кьыпекьат, лIыхъужь кьегъэблагъэкIэр хуэлэту. Абы щыгъуэщ «Хьэмидие и лIыхъужь» цIэ льапIэр кьащIыфIащар.

1922 гъэм Хьусен-Рэлуф лъэIу тхылъ итхащ и кьулыкъур щхьэщхьыну. АбыкIэ кьитIэлъаГъуэрт властым иригъэжIэкI политикэм арэзы зэримышIыр. Ар 1964 гъэм Истамбул дунейм щехьажащ.

Тэлсырыкьуэ (е Кьулсрокьуэ) Мухьэмэд Шэмсудинпэщ 1895 гъэм Псымэ Iуфэ кьыщалъхуащ. И ныбжьыр ильэсиI 9 хьууэ хэкур зрагъэбгынэхэм яхэхуащ, Тыркуми яшащ. Политик хъунухэр щагъэхьэзыр «Дулат Сэрей» жьыхуаIэ еджапIэм щIэтIысхьащ, иужькIэ Истамбул и щIэныгъэр щыхигъэхъуащ. 1912 гъэм Уэсмэн хьэ лифатымрэ сультIанымрэ я унафэкIэ Ливием ягъакIуэ. Италием Ливиер зыIэщIилъхьэну щыета лъэхъэнэрат ари, абы пэщIэтахэм яхьихьащ Iэлсрыкьуэрэ.

Кьулыкьущхуэхэр иныгъащ Мухьэмэд: 1894 - 1908 гъэхэм Тыркум и лIыкIуэу Ираным и кьалащхьэ Тегеран дэсащ. Абы и ужькIэ мусульманэм Iуэхущапlэм и унафэщIу лэжьащ. Сыт хуэдэ Iэнатlэ пэрытами, кьызыхэкIа льэпкъыр зэи игъэгъуэщакьым, адыгэхэр псом япэ иригъэщу, зэрылъэкIкIэ ядэIэпэкьуу и гъащIэр ирихьэкIащ.

1908 - 1923 гъэхэм щыIа Адыгэ Фыщlэ Хасэр кьыззэзыгъэпэщахэм яхэт ащ, «Гъаэ» газетым ху зтхэу, щIидзэкIыу щытащ. Адыгэбзэм и тхыбзэр псоми я зэдай ящIыну и мураду, есэпым, тхэкIм зэрыхуагъасэ тхылъ цIыкIу кьыдигъэкIат. Ар Истамбул щыпсэут 1917 гъэм дунейм ехьажащ.

Иджырей Ливием адыгэлI, политик цIэрыIуэу щыпсэуар **Мухьсин Умарщ**. Ливием и унафэщI Кадафи дэлэжьащ, министрхэм я Iэтащхьэу щытащ, иужьым Кадафирэ абыр я зэгурымыIуэж хьури, кьэралыр ибгынащ.

КЪАЛМЫКЪАднан.

● Чэнджэщхэр

Хьэнтхъупсыр IэфI мэхъу

Лыр щывгъавэкIэ тхъурымбзэр щIэтIысыкIамэ, псы щIыIэ стэкан хэфкIи, кьыдрихьеижьнущ.

* * *

Прунжым кьыхэщIыкIа хьэнтхъупсыр узэпхрыплъу дахэ хъунущ, прунжыр япэ щIыкIэ дакьикъэ зытIущIкIэ хъуэгъэкъуалъэрэ, псыр зэфхъуэкIмэ.

* * *

Шыгъу куэд щIэщIэкIрэ хэтхъупсыр шыугъэ хъуамэ, прунж тIэкIурэ хэвгъэлъи кьыхэфхыж. Абы шыгъур зыщIишэнущ.

* * *

ХадзэхэкI зыхэлъ хьэнтхъупсыр хьэзыр хъуа науэжь, бэдрэжаным, пхъым е кьабыстэм кьыщIэфхуа псы тIэкIу хэфкIэмэ, нэхъ IэфI хъунущ, витамин нэхъыбэ хэлъынущ.

● Гушыlэхэр

Щхэуу щIэщэ

ЩIалэр щхьэщ щIэщапIэм щIыхьащ. Гуфlэжу кьыпежьа бзыльхугъэр кьоупщI:

- Дауэ зэрыпхущIэсщэнур?
- Щэхуу, - жи щIалэм.

БанкIым илъат

Суд йокIуэкI:

- Ди пащхьэ кьит уи ныбжьэгъу щIалэм помидоркIэ фIэкI уемыуар пэж? - щIоупщIэ хеящIэр.
- Пэжщ.
- АтIэ, апхуэдизу щхьэ уфIыщIа и щIыфэр?
- Помидорыр банкIым илъати аращ, - къет жуэап игъэкъуанlэм.

ПыIэр-щэ?

ЩэкI щащэ тыкуэным кьыщIыхьа лIым игу ирихьа щэкIым метрри 10 кьыхупауп-щIыну елъэIуащ.

- Сыт апхуэдизкIэ пщIэнур? - щIоупщIэ тыкуэнтетыр.
- КIэстум зэфIэт егъэзэныну, - жи лIым.
- Ана, кIэстум зэфIэтым метри 3 - 4 ихьыну араш.
- Ар кIэстумращ, сэ абы ещхь пыIи сыхуейщ.

● Гъэпсэхугъуэ махуэм

Малъхъэдис

Хьэнтхъупсыр IэфI мэхъу

Лыр щывгъавэкIэ тхъурымбзэр щIэтIысыкIамэ, псы щIыIэ стэкан хэфкIи, кьыдрихьеижьнущ.

* * *

Прунжым кьыхэщIыкIа хьэнтхъупсыр узэпхрыплъу дахэ хъунущ, прунжыр япэ щIыкIэ дакьикъэ зытIущIкIэ хъуэгъэкъуалъэрэ, псыр зэфхъуэкIмэ.

* * *

Шыгъу куэд щIэщIэкIрэ хэтхъупсыр шыугъэ хъуамэ, прунж тIэкIурэ хэвгъэлъи кьыхэфхыж. Абы шыгъур зыщIишэнущ.

* * *

ХадзэхэкI зыхэлъ хьэнтхъупсыр хьэзыр хъуа науэжь, бэдрэжаным, пхъым е кьабыстэм кьыщIэфхуа псы тIэкIу хэфкIэмэ, нэхъ IэфI хъунущ, витамин нэхъыбэ хэлъынущ.

● Хъуэжъуэр

Мы сурэтым щыфIлъагъу сабийхэр Зеикъуэ къуажэм щыщ Мэрщэнкъулэх Аслъэнрэ Мухьэмэдрэ я бынщ. Алим и ныбжьыр ильэс 12, Алинэ ильэси 10, Руслан ильэси 9 ирокъу

Дунейр зыгъэдахэр, льэр щIэзыгъэкIыр, гукъыдэжыр къэзыIэтыр, беягъэ-Iэр я нэхъыщхьэр сабийхэрщ, къэкIуэнур зейр, фIыгъуэкIэ дызыщыгугъщIэблэрщ. Фэрщ сигури си псэри зыгъэтыныщыр, гъащIэр нэхъри щIэщыгъуэ зэхъыщызыщIри, цIыхум и хъуэпсапIэ нэхъ льапIэхэр фи Iэпэгъуу, фыкьэзылъхуахэр фэркIэ гушуэу, фи псэр кьабзэрэ фи гур зэIухаУэ, фи щэнымрэ акъылымрэ фи пщIэр яIэту гъащIэм лъэ быдэкIэ фыхэувэну, фи насыпым сыкIэлъапIлъну си гуапэщи, сызэрыфхуэхъуапсэ фIыгъуэхэр Тхьэм кьыфхуэзэпищэ.

Фыиуэ фыкъэзылъагъу фи анэшхуэ ХьэфIыцIэ Лидэ.

Хьэтуей къуажэм щыщ Къуэбердокъуэ Мурат Руслан и къуэм и ныбжьыр ильэс 18 зэрырикъумкIэ дохъуэхъу:

Узыншагъэ быдэ уиIэу, уи гукъыдэжым хэмыщIу, уи гум иплъхьэ псори кьохьэлIэрэ насыпыгъэ дэрэжэгъэуэрэ ущымыщIэу уи гъащIэр епхьэкIыну Тхьэм жиIэ!

Уи адэ щыпхъуэзу
Люсэ, Мае, Марие, Ася,
уи адэ-анэ **Русланрэ Екатеринэрэ.**

● Унэгуащэхэм щхьэкIэ

ПщэфIапIэм къыщосэбэп

Зы стэканым ихуэр: псыуэ, шэуэ, шатэу грамм 250-рэ; фошыгъ уу, кIэртIофэ хьэжыгъэ у, чыщмышу, тхъунйуэ (гречкэ) грамм 200; гуэдз хьэжыгъэу грамми 160-рэ; пруныу, джэщу хугуу грамм 220 - 230-рэ; тхъуцIынэу грамм 210-рэ, дагъэу грамм 240-рэ; фоуэ грамм 325-рэ; варенэу грамм 330-рэ.

Зы бжэмышхышхуэм ихуэр: псыуэ, фоуэ, шэуэ, дагъэу грамм 20; шатэу, тхъуцIынэу, фошыгъ уу, хьэжыгъэу, содэу грамм 25-рэ; шыгъуу, кIэртIофэ хьэжыгъэ у грамм 30; серэзу, маргарину грамм 15.

Зы бжэмыш цIыкIум ихуэр: крупауэ грамм 7-8; псыуэ, шэуэ з, дагъэу, маргарину, серчэу грамми 5; хьэжыгъэу, фошыгъ уу, шыгъ уу, тхъуцIынэу, содэу , шатэ у грамми 10.

Бэдрэжаным, кIэртIофым, нащэм, мыIэрысэм я хьэлъагъэр зэхуэдизщ, абыхэм ящыщ зым грамм 100 кьишэчыу аращ, зы пхъыпрэ зы бжьынышцхьэмрэ грамм 75-рэ мэ хъу, кьэбыстэм грамм 1500-рэ и хьэлъагъщ, джэдыкIэм и гуэрэ хэмыту грамм 43-рэ кьешэ ч, фошыгъ кIаз цIыкIур грамми 9 мэхъу.

● ХъыбарегъащIэ

ЩIэныгъэ зэзыгъэгъуэтынухэр къыхах

КъБР-м и ныбжьыщIэхэм ящыщу Урысей Федерацэм и еджапIэ нэхъыщхьэхэм щIэтIысхьэну хуейхэм я тхылъхэр бадзэуэгъуэм и 10 щIондэ Iах.

ЕджапIэ 23-м щIалэгъуэхэм хъыбарегъащIэ IэнатIэхэмкIэ хуэхуа Iэщ IагъэхэмхохьэI: 030901 «Издательское дело и редактирование», 230203 «Информационные технологии в дизайне», 230204 «Информационные технологии в медиаиндустрии», 261202 «Технология полиграфического производства» (ПечатымкIэ Москва къэрал университетым), 080111 «Журналистика» (Кубань къэрал университетым).

Къэралым иригъэджэнхэр зэпеуэкIэ кьыхах, ята экзаменхэм къырикIуахэмрэ еджапIэм и хабзэхэмрэ кьалпытэрэ. Зэпеуэм узэрыкъэтыну щIыкIэр: абитуриентыр КъБР-м и курыт еджапIэр кьиуахауэ, еджапIэ нэхъыщхьэм щеджэным узынщагъэкIэ пэлъэщыну, щIэныгъэ нэхъыщхьэ щызрагъэгъуэт еджапIэм япэу щIэтIысхьэу щытын хуейщ, 2010 гъэм екIуэкIа зыуэ щыт къэрал экзаменхэр зэриталъ щыхьэт техьуэ тхылъ ийыгъ-пхъэщ.

КъБР-м Егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и министерствэм и лэжьакIуэхэр Автомобиль транспортымкIэ Къэбардей-Балъкъэр лицейм (Хъураным и цIэр зезыхьэ уэрам, унэ №1, 1-нэ пэш, телефон: 47-52-36) щолажьэри, блыщхьэм щегъэжьауэ мэрем хьуху, сыхьат 14-м щыщIэдзауэ 18-м нэсыху фекIуалIэ хьунущ. Аттестатыр, ЕГЭ-м и сертификатыр, абыхэм я копиехэр, паспортыр фIыгъэн хуейщ.

КъБР-м и хъыбарегъащIэ IэнатIэр хуэныкъуэщ. Мы Iэхум епха щIэныгъэфI зиIэ Iэщ IагъэлIэхэм. Аращи, зэпеуэм фыхэтыну фрегъэблагъэ!

КъБР-м Хъыбарегъащ Iэ IэнатIэхэмкIэ, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм ядэлэжьэнымрэ щIалэгъуалэм я IуэхухэмкIэ и министерствэм и пресс-Iуэхущ IапIэ.

Напэжьыуэщыр зыгъэхьэзырар IЭЩIЭПЫДЖЭ Замирэщ.

● Псалъэжьхэр

Фори дыдж пщохъу

✽Фыгъуэ пхэмыльэмэ, Iей уIущIэнкъым.

Шапсыгъ.

✽ ДэкIуеипIэр къэзыгъуэтым къехьжьыпIэри къегъуэт.

Авар.

✽ЛъакъуэкIэ узэлэпэуар дзэкIэ къыщыпщтэж кьохьу.

Адыгей.

✽ Дыгъужьым и кIэр пыбущIкIэ, хьэ хъунукъым.

Нэгъуей.

✽Куэду пшхымэ, фори дыдж къыщIохьу.

Шэшэн.

✽КIэпIейкIэм щщIэ хуэзымыщIыр кIэпIейкIэ и уасэкъым.

Ингуш.

Псальэзэблэдз

ЕкIуэкIыу: **1.** Урысей Федерацэм щIыхь зиI э и артист, Кьэбэрдей-Балъкъэрым и цIыхубэ артист, Щоджэнцыкlу Алий и цIэр зезыхьэ Кьэбэрдей кьэрал драмэ театрым и джэгуакIуэу щыта. **6**. ЕпщыкIухаиэ лIэщIыгъуэм псэуа кьэбэрдеинщ Идар Темрыкъуэ ипхъу, урыс пащтыхь Иван (Грозный) и щхьэгъусэу щыта. **11**. Япэм адыгэхэм ящIэу щыта мэш плъыжь. **12**. Кхъэ лэгъунэ зыщIам Къэзанокъуэ Жэбагъы ехьэхьуат: «и ... нэщIу, и щIыбыр гъэщIэрэщIауэ Тхьэм куэдрэ щигъэт», - жиIэри.**13**. МэкъупIэхэм, хьупIэхэм, мэзыбгъухэм зэшырихьэлIэ, сантиметр 40 хуэдизкIэ джлей, гъэгъа закъуэ кьыхьпидзэ удз.**14**. АдакъэщIэр ... пIастэрэ. **15**. Налшык куэду щыпсэууэ щыта журт лъэпкъ. **16** Iэщ пIащхьэм и щIэжьейхэр щIыгъ, щагъашхэ псэуалъэ. **18**. Уафэ джабэр нэху кьэхъуу щыщIидзэ, нэху щыхьу. **19**. «... МураткIэ здэкIи щIалэ фIыщIэ къуэгъукъэ». **20**. НэкIуэ, щIыфэм иIэ зэлъэ. **23**. Жылагъуэм щыщ Iыхьэ. **25**. Хамэ щIыпIэ кьыщыхута, дзэхуэха цIыху. **26**. Адыгэхэр Египетым зэреджэ. **27**. Зэрыдэ Iэмэпсымэ. **29** Мэ гуакIуэ зиIэ мэракIуэ плъыжь цIыкIу. **32**. Iэуэльауэ макъ. **34**. ЕпщыкIубгъуанэ лIэщIыгъуэм псэуа нэмыщ композиторышхэу, музыкант, критик. **37**. Кьэхькъэщх мурадкIэ, лIыгъэ зэхэтхъэкIыпIэу пасэм щыгъуэ щыIа хабзэ. **39**. Iуданэхэр, щагъэхэр зэIуащэурэ щыгъынныгъуэ, тепIэн-щIэлъын сыт хуэдэхэр кьызыхащIыкI хьэпшып. **40**. КьуршымкIэ кьриху жьы кьабзэ. **42**. ЗэлIээфызу зэдэпсэуну зэрызэбгъэдэуэмкIэ щыхьэт тхылъ. **43** Географием и картэхэмрэ таблицхэмрэ зэрыт тхылъ. **44**. И хабзэкIэ, и фащэкIэ, и дуней тетыкIэкIэ дуней псом къыщащIыхуу Кавказым щыпсэу льэпкъ. **45** МахуэщI. **46** Хьэжыгъ, абы хуэдэхэр зэрызэрахьэ пхъэ хьэнцэ щыкIу.

Къехьу: **2.** Джэдыр адакъэм къыщхьэщыкIыу щыхуежьам и деж абы зэреджэр. **3**. Адэ-анэкIэ е зыщыщ льэпкъымкIэ бзылъхугъэм кьыгухьэ щIыхухьу. **4**. Физико-математикэ щIэныгъэхэм я доктор, КъБКъУ-м и профессор, Кьэбэрдей-Балъкъэрым щIэныгъэхэмкIэ щIыхь зиI э и лэжьакIуэ, школхэм математикэр зэрыщраГъэдж тхылъыр зэхэзыльхьахэм ящыщ зы. **5**. Зи умылъэгъуа, узыщымыгъуаэ, уимынэIуаэ, хамэ. **6**. Iэщ хьупэ гуп. **7**. КъурIэным итхэм фIэкIа ислъамым теухуа нэгъуэщI тхылъхэр хьэкъ зыщымыхьу. **8**. Губгъэзэм, псом хуэмыдзу мэшым куэду узыщрихьэлIэ, зи лыр IэфI, зи джэдыкIэр хуищхьэу кьуалэбзу мыин. **9**. Генералым нэхърэ нэхъ льагъэ зрэшеIэ. **10**. Мэкъу, мэш хуэдэхэр щыпапущIкIэ ищI самыр. **17**. Ягъэхьмэджен е ягъэлIэн мурадкIэ, щIыхум е псэущхьэхэм ирахьлIэ гын. **19**. Дзыгъэм, блэм хуэлъэу унагъуэхэм я гъунэгъуэу псэу псэущхьэ бгъэгъуэу щыкIу. **21**. Хабзэм тет, мыхъумыщIагъэ зыхэмыль. **22**. ЩIыпхэм я зэхущытыкIэн хуейм теухуауэ ижь-ижьыж льэндэрэ кьадзэгъуэгурыкIуэ дунейм тетыкIэ. **23**. ЗыщагъэпскI унэ. **24**. ХьэщIэр зей, хъэрей. **27**. ЩоджэкIыкIу Алий и поэмэ. **28**. Гуэгушыхьэм и бгъэм кьытрищIэ пшэрыр. **30**. Бгы зэхуаку, псыхъуэ. **31**. ГуфIэгъуэ кьэхъуахэм е зыщIэхъуэпсхэм щхьэкIэ ерыскъыщхъуэ кьыщаIэт зэхуэс. **33**. Зи суд ящIэм кьыщхьэщыщ цIыху. **34**. Iэщ пIащэм и щIэжьей. **35**. ПамыупщIу гъэ техьа удз. **36**. Нэмысым ... кьыдэкIуэ. **38**. Шынагъуэ, икъукIэ ин, кьаруушхуэ зиI э. Алъхуэдэ уэ шынагъуэ зэрыщIалэ щыIэщ. **39**. Псы дежа мыин. **41**. ХьэщIэм хуаукI е тыгъэ хуащI мэл.

Мэкъуауэгъуэм и 26-м ди газетым тета псальэзэблэдзым и жэуапхэр:

ЕкIуэкIыу: **2.** Нэмыс. **6**. Шылэ. **7**. Амыщ. **8**. Сеныч. **9**. Пкъынэ. **13**. Бжэн. **14**. Гуль. **15**. Нэ. **16**. Кьэхъун. **19**. Кумб. **21**. Хьер. **22**. Хьэх. **23**. Лъэпщ. **25**. Блэ. **26**. Нащэ. **28** Iэл. **29**. Щыгу. **30** Удын. **33**. ЩIхьэхь. **35**. Iэжьэ. **37**. Пыл. **38**. Бру. **39**. Уэсэ. **40**. ЩыгъэI. **41**. Егъу. **43**. Дэ. **44**. Хьэлэ. **47**. Псынэ. **48**. Кьущхьэхьу. **50**. Iупхьэу. **51**. ПщылI. **52**. Джэпэ.

Къехьу: **1.** Жыгей. **2**. Нэмыплъ. **3**. Мыл. **4**. Салъкъын. **5**. ЩIыцынэ. **10**. Лъэхьэщ. **11**. Кьамыл. **12**. Гуэрэн. **13**. Болэ. **17**. Нэхущ. **18**. ПхъэIэпэ. **20** Яхэгуауэ. **24**. Пщы. **27**. Афэ. **31**. Даущ. **32** Набгъэ. **34**. ХьуаскIэ. **35**. Iэжьэгъу. **36** Жьауэ. **42**. Гъуэншэдж. **43**. Дыщэпс. **45**. Псапэ. **46**. Хьэщыкъ. **49** Нал.

Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФIЫЦIЭ Мухьэмэд

РЕДАКЦЭМ И КОЛЛЕГИЕМ ХЭТХЭР

Жылаеэ Заурбэч(редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **ЖьэкIымыхъу Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ),**Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Гъурыжь Мадинэ** (жэуап зыхь секретарь), **ГъунщIо Зариф, Кьардэн Маритэ, Ныбжьэ Тансэ, Хьэжыкьарэ Алик.**

ДИ ХЭЩIАПIЭР

360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и цIэкIэ щыIэ уэрам, 5, ебгъуанэ - епщIанэ кьатхэр.

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 42-63-64, 47-31-54, 47-33-23; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ льэпкъ IуэхуэхэмкIэ - 42-22-86; кьуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 47-22-63, 42-57-59; щэнхабзэмкIэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхьэмэ Iуэхущ IапIэхэм я дзэлажьэныжьмкIэ - 42-60-53; хъыбарыщIэхэмкIэ, спортымрэ пресмэхэмкIэ - 42-22-88; епхъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 47-32-15; зэдзэкIакIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтериемрэ - 47-31-69; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Iуэхущ IапIэм - 42-26-41; сурэттехым - 42-75-78.

Тедзэ тхыгъэхэм кьыщыхьа бжыгъэхэм, кьыщаIэта Iуэхугъуэхэм я пэжагъымкIэ ахэр зыгъэхэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху епльыкIэр зэтекуэ зэныту щытыкьым.

Газетыр Iэ тезадзахэм яхуэхьыныр и щIэ дальэ КъБР-м федеральнэ пошт зэныщIэныгъэхэмкIэ и управленэм.

Тел.: 76-01-28, 76-01-10.

Газетыр щыпымкIэ жэуап ехь КъБР-м и "Роспечать" АО-м.

Тел.: 42-69-34.

Газетыр 1989 гъэм дыгъэгъазэм и 16-м №Н-0065-м щIэту ятхащ.

Зы илъэсым газетыр 250-рэ кьыдокI.

1905 гъэм щыIа Революцэм и цIэр зезыхьэ Республикэ полиграфкомбинат, Налшык къ., Лениным и цIэкIэ щыIэ уэрам, 33, тел. 42-35-75.

Мы кьыдэкIыуэм елэжьахэщ: **жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ Кьаншокъуэ Эллэ, редактор Хьэжыкъарэ Алик, корректорхэу Афэ Тамарэ** *(2, 3-нэ нап.),* **Щоджэн Инэ** *(1, 4-нэ нап.),* **корректорхэм я дзIэныкъуэгъуэ Иуан Заирэ.** ***Компьютерхэр I газетым и тепльэр ящIащ:*** **Ныр Саидэ, Мэзбахьуэ Анжелэ,** *сурэтхэм елэжьар* **Бицу Жанэщ**

Номерыр "Адыгэ псалъэ" и компьютер Iэнатlэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Iэ щыградзар сыхьэт 20.00-рщ.

Индексыр 51531 ● Тираж 9.964 ● Заказ №1857